

MINAMATO YEMAZUVA ESE
CHIPOROFTA CHANHASI CHEKUTAURA

CHINYORWA

2

Kubvumbi - Chivabvu - Chikumi

2  25

Nhau Dzakanaka

ZUVA NEZUVA

MAHARA
KWETE KUTENGESWA
IRI BHUKU RATO BHADHARIRWA
NEVATAKABATANA NAWO SAKA
RINOOGONA KUGOVERWA MAHARA

SEMVURA INOTONHORERA KUMWEYA UNE NYOTA, NDIZIVO ZVAKAITA **NHAUDZAKANAKA** DZINOBVA KUNYIKA IRI KURE. (ZVIREVO. 25:25)

Uebert & BeBe
ANGEL

UEBERT NA BEBE ANGEL



Neruzivo rwakakura murushumiro rwenguva yakazara, Uebert naBeBe Angel vabuda semazwi akakurumbira mukugovera Mashoko Akanaka enyasha dzaMwari (Euangelion) uye kufambisira mberi hushumiro hwechiporofita pasi rese. Sevanyori vanotengesa zvakanyanya vemabhuku ane simba akadai seHondo Yemweya, Mabhangi Ekukumbira, Simba rePamusoro peMutendi, Hupenyu Hunotungamirirwa Nyenyasha, uye Bhuku Rekunamata reMashoko Akanaka eZuva Nezuva, vakapa mipiro yakakurumbira kumabhuku echiKristu.

Vanozivikanwa nekuda kwechiratidzo chavo, hunyanzvi, nehutungamiriri hune simba, Uebert naBeBe Angel vanotsvakwa zvakanyanya sevakurukuri vemusangano. Semapiona epasi rese uye vatungamiriri vechechi yeMashoko Akanaka (Spirit Embassy) uye vane chinzvimbo cheMuporofita, vave nesimba guru muhupenyu hwemamiriyoni pasi rese, vachitungamirirwa nekuzvipira kwavo kusingazununguki pakuparidza zvakazarurwa zveMashoko Akanaka nesimba rinoshandura renyasha dzaMwari (Euangelion).

NEZVE BHUKU REKUNAMATA RENHAU DZAKANAKA ZUVA NEZUVA

Bhuku rekunamata renhau dzakanaka Zuva Nezuva ibhuku rechiKristu rinoremekedzwa zvikuru iro rakanyorwa zvakanyatsorongwa kuti riwedzere kukura mumweya zuva rega rega regore. Rinopa ruzivo rwakadzama, zvakazarurwa zvine simba, uye zvakataurwa zvechiporofita zvezuva nezuva zvinangwa kutungamira vaverengi kurarama hupenyu hwakatarisana naKristu, hwakadzika midzi mune zvakadzidziswa uye zvakazarurwa zveMuporofita Uebert Angel. Rinobudiswa mwaka ina yega yega pagore, bhuku rekunamata iri rine mukurumbira nekubata kwaro pasi rose, rinowanikwa mahara mumitauro yakawanda kuti rikunde zvimhingamupinyi, uye kuona kuti shoko raro rinochinja hupenyu nekuwanikwa kune munhu wese pasi rese.



Chipiri, Kubvumbi 1

USADONHE

Juda 1:24 (KJV)

“...Zvino kuna Iye anokwanisa kukudzivisa kuti usadonha, nokukumisa usingapomerwi pamberi pechigaro cheKubwinya kwake nemufaro mukuru.”

Vamwe vaKristu vanokurumidza kufurirwa nezvinhu zvinofurira “humunhu” hwavo kwete “huMwari” hwavo. Vazhinji vanotarisa zvakanyanya zvinyorwa, kunyanya zveTestamende yekare, vasingazive kuti, semaKristu, mitemo yedu inotungamirirwa nezvirevo zveNyasha muTestamende Itsva. Pandinotaura kuti “Testamende Itsva,” handirevi kupatsanurwa kuri pamberi paMateo mubhaibheri rako asi zvatinouzwa munaVaHebheru 9:16-17—Testamende Itsva yakatanga nerufu rwaKristu.

Funga nezveshoko rinozivikanwa rinotaurwa nevamwe vaKristu, vachiri torawo muTestamende yekare: “Munhu akarurama anogona kudonha kanomwe obva amuka futi.” Zvingave nechokwadi chokudzoka, asi uri upenenguro hushoma hweTestamende Itsva. Bhuku raJuda rinotiratidza kuti Mwari anokwanisa kutidzivirira kuti tisadonhe. Gamuchira chokwadi chiri pamusoro ichi—tenda kuti Mwari ane simba rokuti urege kupinzwa muzvivi. Mira wakasimba nhasi, uchidana uchiti, “Handidonhi!”

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinosimudzirwa nesimba raMwari. Ndinofamba ndakasimba munyasha nesimba raKristu, ndichiziva kuti Iye anondipa kutya Mwari, kuti ndirambe ndakasimba uye ndakasunungurwa muzvivi. Ndinorayira uye ndinozivisa kuti gore rino handidonhi! Nokuti Ishe ndiye Muchengeti wangu, anondimisa ndisina mhosva nemufaro mukuru. Haleluya!

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaHebheru 6:1

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(1 Samueri 30:11–31:13; 2 Samueri 1–2)

www.goodnewsdailydevotional.com



Chitatu, Kubvumbi 2

KUPFUMA MUMOTO

Pisarema 5:3 (MSG)

“Mangwanani ose munondinzwazva pazviri zvekare.”

Wakambo sangana nezvava rekuti matambudziko nezvimhinga mupinyi zvinouya kwauri nenzira dzisinganzwisiki? Matambudziko, zvimhingamupinyi zvaunosangana nazvo zvine mhinduro yemweya, uye mhinduro yacho imoto!

Jesu Pachake anozvinzwisisa izvi. Kunyangwe akasika “zuva,” akaziva kuti haupinde muzuva raunenge usina kudira moto. Akamuka mangwanani, zuva risati rabuda, kuti azadze moto wezuva iroro. Kana Uyo akasika mazuva achinzwisisa kuti zuva roga rinoda moto, isu tinodisisa moto iwoyo

Chokwadi ndechekuti haasi matambudziko ese anoda moto wakafanana. Sokunge vava vanoisa mari mumisika yakasiyana-siyana, tinofanira kunzwisisa kuti mamwe matambudziko anoda moto wakawedzera.

Uri muzvina bhizimusi ane moto , kana kuti matura ako emoto ane moto here? Wakadyara moto wakakwana here kuti ugadzirire mhinduro kumatambudziko emhuri, basa, upenyu hwako here? Usapinda muzuva usina kugadzirira. Chero dambudziko, mhinduro yacho moto!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinorayira uye kuzivisa, mugore rino, handipinde muzuva rindisina kudira moto. Ndiri mupfumi wemoto, moto wakakwana kuti ndiite mabasa makuru. Hupenyu hwangu hwemunamato hwavandudzwa. Dambudziko roga roga rinopiswa nemoto muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 Madzimambo 18:38

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Samueri 3:1–6:11)

www.goodnewsdailydevotional.com



China, Kubvumbi 3

TAURA MHINDURO

2 Madzimambo 4:2 (NKJV)

“Erisha akamuti, ‘Ndingakuitireiko?’”

Wakambofunga here kuti Mwari haana dambudziko here? Haana vavengi nokuti hapana chingamuwira. Ane hukuru hwakakura, matambudziko anomhanya pakubwinya kwake.

Zvino, inzwi iyi. Bhaibheri rinoti isu tiri munaKristu, kureva kuti tiri muna kirisitu asina matambudziko. Asi, dambudziko guru reva tendi ndere kumirira munhu anovabuditsa mumatambudziko. Ichi ichokwadi chekuti vatendi havazivi zvavari muna Kirisitu.

Jesu akati, “Kana waona ini, waona Mwari.” Iwewo unogonakuzvitauro. Haumirire munhu anokununura utori mununuri pachako. Elisha akaziva kuti aiva mutakuri wemhinduro. Iwewo unotakura mhinduro. Unotaura semumiriri waMwari. Chinhu chipi nechipi chinoratidzika sedambudziko mberi kwako, raira chibude, utaure mhinduro!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakakurisa handinetswi nemuvengi . Ndakatakura Mwari, saka ndinotakura mhinduro. Ukaona ini waona Mwari. Ndinoraira uye kuzivisa kuti ndiri mununuri; kana ndikasvika matambudziko anotiza. Ndiri kutaura semuromo waMwari, iwe dambudziko buda nezita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Johane 14:9

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Samueri 6:12–10:19)

www.goodnewsdailydevotional.com



Chishanu, Kubvumbi 4

WAKAGADZIRIRWA UPENYU

2 VaKorinte 5:17 (NKJV)

“Naizvozvo, kana munhu ari munaKristu, ava chisikwa chitsva; zvinhu zvekare zvakapfuurawo; ona, zvitsva zvose zvavepo.”

Pfungwa dzose dzakaiswa muropa rako (DNA). Ndakataura nezvazvo mubhuku rinonzi, Genetics of Words. Pfungwa idzi dzinosanganisirawo mafungiro evadzimu—akanaka ne akaipa— zvese izvi zviri mauri nokuti zvinotevedza ropa, asi zvinowana simba kuburikidza nemashoko ako.

Vanachiremba vanobvunza nezve nhoroondo yeurwere hwemhuri nokuti unogona kumutsiridza hurwere. Vamwe vanachiremba havanzwisise kuti zvakabva kupi. Asi Mwari anoziva kwazvinobva uye anotiudza kuti zvinobva mukutaura kwako. Unorarama kana kufa, unomuka kana kuputsika, nekuda kwemashoko ako.

Kunyange mhuri yako yeyakakupinza muurwere, kukundikana kana kushaiwa semutendi hausungirirwe kungetani dzewakaipa. Une ropa (DNA) raMwari. Mazwi ako anokwanisa kuputsa nhaka dzinokumisa muupenyu.” Taura upenyu, hutano, budiriro—uchiziva kuti wakarongerwa upenyu hwakawandisa!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoshandura nhaka yemhuri yangu, ndopfumbidza upfumi muropa redu. Muviri wangu itembere yaMweya Mutsvene, Kristu anogara mandiri. Ndinoramba marwadzo ese, zvirwere, kutadza, kana kushaiwa. Ndinotaura hutano hwakakwana, budiriro, upenyu hwakazara mufaro norugare muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Johane 10:10

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Samueri 11–13)

www.goodnewsdailydevotional.com



Mugovera, Kubvumbi 5

NHUME YESHANDUKO

Mateu 5:13 (NKJV)

“imi muri munyu wenyika; asi kana munyu usisavavi ungavaviswa nei? ...”

Munyu haumboperi kuva munyu, asi unogona kurasa simba rawo kana uchisvibiswa, uchinyungudutswa, kana kusiiwa panzvimbo isiriyo. Nenzira yakafanana, maKristu anogona kurasika mune zvemweya kana vabatwa nezvakaipa, kana kutadziswa nokushaya kutenda.

Jesu anoti tiri “munyu wenyika,” tichiyeuchidzwa kuti basa redu nderekuchengetedza nokupa zvakanaka kunyika. Asi kana hupenyu hwedu hwasviba, kuburikidza nokusatenda, tinorasikirwa neunyanzvi hunotibatsira kugadzirisa zvakaipa.

Kana tichitora basa redu semunyu wenyika, tinoziva kuti Mwari atipa simba rokuchengetedza, kuchenesa, nekushandura. Sezvinoita munyu kushandura haraunda nesuwo tine simba tinoshandura nharaunda, nekudambura ngetani tichitaura hupenyu sevamiririri vaMwari, tinotakura simba reumambo munzvimbo dzose.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mugore rino, ndinosimuka ndichibvisa kutukwa kwemhuri yangu, nharaunda kana muhurumende. Hapana mutemo unongoiswa munharaunda yangu ne munyika yandinenge ndisina kutendera. Ndiri “gamba guru munyika yemweya,” uye mazwi angu ane simba rokururamisa, muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaRoma 12:2

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Samueri 14–16)

www.goodnewsdailydevotional.com



Svondo, Kubvumbi 6

ZVINOMISWA

Isaya 59:19 (NKJV)

“...Kana muvengi achiuya, semafashamu, Mweya waShe uchasimudzira mureza.”

MunaZekaria 2:8, Mwari anoti vanhu vake “imboni reziso rake,” inova nzvimbo yemuviri inoteterwa zvakananyanya. Ziso rine dziviro (reflex) rinoridzivirira pakukuvadza—kubwaira kana kubuda musodzi, kunodzivirira uye kumisa chingada kuenda pariri.

Naizvozvo, Mwari anomira senhovo kuvana vake, achikurumidza kuchengetedza nokudzivirira patinohundutsirwa nomuvengi. Sezvinaita ziso rinogona kubatwa neguruva, chiedza chine hukasha, kana kuzvikuvadza, hupenyu hweduwo tinogona kurwiswa. Asi chirevo chaMwari munaZekaria chinotiratidza kuti abata ini abata naMwari wacho.

MunaKristu, wakachengetedzwa naMwari, unokudzivirira kunyange munguva yenjodzi. Mugore rino, hapana chombo chakaumbwa chinokurwisa chinobudirira, nokuti Mwari, Muchengeti wako, anokurinda, akagadzirira kumisa pese paungada kurwiswa.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoraira uye kuzivisa kuti ndiri mboni yeziso raMwari, ndakachengetedzwa pahondo dzose. Kana muvengi achiuya, semafashama antyisa, Mweya waShe anomutadzisa kufambira mberi. Hapana chakaipa chinondibata Mwari asingapindiri, nokuti ndakachengetwa nemauto edenga. Dhiabhorosi wakamiswa kare!

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Zekaria 2:8

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Samuiri 17–19)

www.goodnewsdailydevotional.com



Muvhuro, Kubvumbi 7

KUSUNUNGURWA

Johane 8:32 (NKJV)

“...Muchaziva chokwadi, chokwadi chichakusunungurai.”

Kusununguka hakungoti chiripori potyo; asi kunobva mukuziva chokwadi. Panguva yeEmancipation Proclamation, nhapwa dzakaudzwa kuti masunungurwa. Asi vazhinji vakaramba vari nhapwa nokuti vakanga vasina kuzvinzwa vamwe Havana kutotenda nhau idzodzo. Saizvozvo, unogona kutosunungurwa pamweya asi ukasabatirana nechokwadi ichi unoramba uri muhutapwa.

Kune mutsauko pakati pokusunungurwa nokusununguka. Shiri inogona kuzarurirwa payakavharirwa kuti ibude asi ikasanzwisisa kuti inobhururuka inenge isina kusungurwa kuti irame mutambarakede wokubhururuka. Kusunungurwa kunoreva zivo uye chokwadi chokurarama hupenyu hwemunhu akasunungurwa.

Kuti “uzive” chokwadi, ufanira kunyura muShoko raMwari, wobva wateerera nokutenda. Paunozviita, hauna kusununguka chete asi wakasungurwa zvekare. Ramba kuita nhapwa yeumbimbindoga. Ziva Shoko, urishandise!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handisi muranda wembimbindoga. Pandinonyura muShoko raMwari, ndichiita uye nokutenda ngetani dzose dzoupenyu hwangu dzino dambuka. Ndinofamba mukusununguka kwakapipwa naKristu. Handina kusunungurwa bedzi asi ndasununguka kurarama mukukunda mazuva ose! Ameni.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaHebheru 4:2

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Samueri 20:1–22:34)

www.goodnewsdailydevotional.com



Chipiri, Kubvumbi 8

GARA WAKAMUKA

Mateu 13:25 (KJV)

“Asi munhu wose avete, muvengi akauya akakusha sawi pakati pegorosi, ndokubva aenda.”

Shoko rokuti “Gara wakamuka” rinogona kureva kugara wakangwarira, kwete kushaya hanya nezviri kuitika. Mwari anoratidzira izvi zvakakwana: Bhaibheri rinoti Haamborari kana kugara (Pisarema 121:4). Hapana angamubata akavarairwa, nokuti anogara akangwarira, achirinda vanhu vake. Haamborasikirwi nezvake; Ndiye Muchengeti.

Zvinosuruvarisa kuti vamwe vaKristu vanorasikirwa nechokwadi ichi chevinoitwa naMwari. Tinokanganwa kuziva kuti patinovata pamweya wakaipa anodyara mbeu yematambudziko. Jesu akatiradza izvi munaMateu 26:41, achitikurudzira kuti “rindai uye munyengetere kuti murege kupinda mukuedzwa.

Muvengi anatora mukana patino rukutika pamweya otibatira ipapo. Gara wakarindira uchitsvaka Mwari. Usamirira matambudziko kuti akuwire. Ita muchengetedzi akangwarira uye zvipe nguva yokunamata husiku hwose kuitira paanouya anokuwana wakarindira.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kurindira nomunamato muupenyu hwangu, mhuri yangu, mari yangu, neramangwana rangu. Handibvumi kubatwa ndakasendekera; kana kubatwa ndakazorora zuva rematambudziko. Ndakasimbiswa nekugadzirwa kuti ndigone kuzvichengeta kubva mukurwiswa newakaipa. Ndinotaura nekuzivisa kuti ndiri muchengetedzi wezvese zvakapinhwa naMwari, Hapana chinobvutwa nemuvengi!” Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Pisarema 132:4–5

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Samuiri 22:35–24:17)

www.goodnewsdailydevotional.com



Chitatu, Kubvumbi 9

MUKUNDI WEGOMO

Zekaria 4:7 (NKJV)

“Uri chiiko iwe gomo guru? Pamberi paZerubhabheri uchaitwa bani!”

Gomo reEverest ndiro rirefu pasi rose, rakakura kuita 8,848m. Kunyange richityisa kudaro zvuuru zvavanhu zvinoedza kuri kwira gore rega rega, vaine shungu dzokukunda kuri kwira. Migwagwa mizhinji yanhasi yaka gadzirwa kuburikidza nemakomo kuitira kuti tifambe pakanaka. Takagadzirirwa kukunda makomo!

Haasi ose makomo panyika ino. Mamwe mamiro ehupenyu anofanana negomo. Unogona kusangana negomo rekushaya mari, reukama hwakaputsika, kurwara ugofunga kuti haukundi, asi zvese izvi hazvingakukundi.

Jesu iye akataura kuti kana ukataura “kugomo iri” nokutenda, rinobviswa (Mako 11:23). Cherechedza shoko rokuti “iri”—taura mamiro acho chaizvo. Usanganamata zvisina kurongeka; taura zita redambudziko rako uchaona richibviswa. Mira semhare uchitaurira gomo iroro. Taura nesimba rinoitwa bani

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinozivisa kuti ndiri gomo kumakomo andiri kusangana nawo! Mugore rino, hapana dambudziko ringandikunda. Iwe gomo remari ndinokukunda, iwe gomo reurwere ndinokupfuudza, iwe gomo riri muupenyu hwangu, ndino taura izvezvi uri bani, muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mako 11:23

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Samueri 24:18–25; 1 Madzimambo 1:1–2:18)

www.goodnewsdailydevotional.com



China, Kubvumbi 10

SARUDZA MWEYA WAKO

VaEfeso 5:18 (HCSB)

“Musadhakwa newaini, nokuti ndipo pane kusazvidzora, asi muzadzwe neMweya.”

Vanhu vazhinji vanobvunza kuti, “Ndinganwe doro here?” Vamwe vanoda kungotsvaga mvumo yokuti vanwe. Ehe, unogona kunwa doro. Mwari haazotumiri ngirozi kudzora muromo wako kana kuvhara mashabhini ari munharaunda yako. Asi mubvunzo unoti: “Unofanira kunwa doro here?”

Regai ndipindure ndichiti. Doro rinoderedza mafungiro epfungwa dzemunhu (nervous system depressant). Uchaona kuti munhu akanwa doro anokanganisa kutaura, haamire zvakanaka, haanyatsokuona, haazivi zvekuita anenge akusafunga. Kunyangwe usina kunyatso dhakwa muviri wako unovhiringwa nebhoto rimwechete redoro.

Bhaibheri rinoita Mweya mutsvene anozadza nzwimbo imwechete inovhiringwa nedoro mumuviri wako. Zvino, dambudziko riri kuti Haangakwikwidzane nemumwe “mweya wedoro.” Unofanira kusarudza kuti ndeupi mweya unokutonga — doro here kana kuti Mweya Mutsvene? Usapa doro mukana wekukutonga, sarudza kuzadzwa neMweya Mutsvene. Ita chisungo chezuva nezuva kuti Mweya Mutsvene atonge muviri wako mazuva ose ehupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handipi mukana kuzvinhu zvinotonga muviri, pfungwa, kana mweya wangu. Muviri wangu itembere yaMweya Mutsvene, ndine pfungwa dzaKristu, mweya wangu ndewaMwari. Hakuchina mweya unonditonga kunze kweMweya Mutsvene. Ndinopa Mwari izvo zviru zvake, ndinomukudza nezvose zvangu.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 VaKorinte 6:19–20

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(1 Madzimambo 2:19–4:19)

www.goodnewsdailydevotional.com



Chishanu, Kubvumbi 11

VANOBVIRA MOTO

Jeremia 51:20 (NKJV)

“Uri demo rangu rehondo, chombo changu chehondo...”

Danho doko ringasvika chikristu ringaenzaniswe nehuroyi. Mungashamiswe nazvo, asi ndicho chokwadi. Chikirisitu chakatendwa nevazhinji hachisi padanho rachinofanira kunge chiri. Paunotanga kunamata, unounganidza moto. Izvi haisi ngano asi ndicho chokwadi munyika yemweya. Minamoto yako inodengenyesa nheyo dzemuvengi.

Eria aizviziva. Haana kungopa vaporofita vaBhaari shoko rekungo kurudzirana kana kunyengererana. asi akadana moto kubva kudenga (1 Madzimambo 18:38). Firipi akaratidza simba raMwari kusvikira muroyi ashamisika, akashuwira kutenga simba reMweya mutsvene, akazogumisira akumbira kunyengeterwa!” (Mabasa 8:9–24).

Zvibvunze wega, “kuti uri mhando ipi yemu Kiristu?” Kana hupenyu hwechiKristu hasinga vhundutsi simba rerima, inguva yokuziva kuri ani chaizvo izvo. Ramba kuva muKristu wazita chete. Isa hupenyu hwako paaritari mugore rino, uzadzwe nemoto wekuratidza simba raMwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handidi kurarama hupenyu hwechiKristu husingashande. Ndiri chombo muruoko rwaMwari . Muvengi wangu anotsiviwa. Ndinotaura kuparadzwa, kuvhiringidzika, kusaziva nekusaona nzira kune muvengi wangu. Pandinonamata, ndinounganidza moto unorwisa, unovhiringa, nekuparadza zvoze zvemuvengi, muzita raJesu!

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaHebheru 12:29

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(1 Madzimambo 4:20–7:39)

www.goodnewsdailydevotional.com



Mugovera, Kubvumbi 12

TARISA ZITA RAKO

1 Makoronike 4:9 (NKJV)

“...Amayi vake vakamutumidza zita rokuti Jabhezi, vachiti, ndakamubereka mukurwadziwa.”

Pane makore anotarisirwa kuti munhu ararambe anosvika makore makumi masere, unogona kunzwa zita rako rakadanwa kanoita zviuru mazana maviri nemapfumbamwe nezviviri. Mumwe munhu akati, “Zita remunhu ndicho chinhu chinotapira pakudanwa kwezita iroro mune dzimwe ndudzi.” Ko kana zita iroro risingaunzi mufaro, asi riine dudziro yechituko?

Mazita ane simba. Jesu paakapihwa zita ngirozi yakatsindidza kuti, “Uchadana zita rake kuti Jesu, nokuti ndiye achaponesa vanhu vake kubva muzvivi.” Zita rako chitauro chechiporofita zvawakatemerwa kubvira pakuzvarwa—kururama kana kutukwa. Funga zvaJabhezi, amayi vake vakamutumidza “Marwadzo” zvichibva pamafungiro avo, uye zvaka muremera kusvikira anamata (1 Makoronike 4:10).

Tsvaga zvinoreva zita rako? Wotarira zvaragadzira muupenyu hwako. Kana zita rako richishanda kupokana newe, tora mkana wonamata nezvazvo, kana zvichidikanwa rishandure zviri pamutemo kuti ubvise huturu hwaro. Taura chiporofita pamusoro peupenyu hwako woramba kurarama upenyu hunomisa chirevo chiri pamusoro peupenyu hwako icho chinodikanwa naMwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakasunungurwa kubva pangetani dzose dzinobata vemhuri yangu. Handizovi munhu akajairika. Muzita raJesu, ndinotyora ngetani dzese, dzinoshandiswa newakaipa kundisunga. Ndinozivisa uye ndinotaura nhamo yose, kuparadzana, nekutukwa ndinozviputsa zvose. Haleluya! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mateu 1:21

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(1 Madzimambo 7:40–9:9)

www.goodnewsdailydevotional.com



Svondo, Kubvumbi 13

KUPERA KWEMASHOKO AKAIPA

Isaya 54:17 (KJV)

“Hakuna munondo ucharwisana newe ukakunda, uye uchakonesa rurimi rumwe norumwe runokupomera mhosva...”

Mashoko mudziyo ine simba. Mashoko ari oga haana simba asi anotakura simba mukati maari—kungave kutenda, kutya, ropafadzo kana kutukwa. Ndokusaka tisingabvumirwi kusiya mazwi akaipa kuti arambe achingotenderera pamusoro peupenyu hwedu. Nzira yokuuraya mashoko akaipa kushandisa rimwe shoko — shoko reupenyu ne-simba.

Mwari akatipa simba rokuputsa shoko rose rinopokana newe. Ndiyo nhaka yako kuramba uchiputsa iwayo uye zvishandire kuti zvipere. Mwari havambokuitira izvi. Mangwanani oga oga paunomuka pinda pamunyengerero, sheedzeresa, putsa zvituko zvose, ipa mutongo kumazwi akaipa. Taura kuti afe, wotaura ropafadzo pamusoro peupenyu hwako. Usarambe wakanyarara. Taura kuti hakuna chombo kana shoko rakagadzirwa richabudirira pamusoro peupenyu hwangu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Muzita raJesu, ndinotuka shoko rese rakaipa rakataurwa kundirwisa, mhuri yangu, hutano hwedu, mari yedu, ushumiri, neramangwana redu. Hapana chombo chinorwisa migove yedu chinokunda. Nesimba reMweya Mutsvene, ndinoparadza sungano yese yewakaipa, yaida kuunza kusabereka, kushungurudzika, kushaya mufaro. Ndinozivisa ropafadzo, nyasha, kuwanda, kugadzikana pane zvose zvandinazvo, muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Isaya 54:14–17

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(1 Madzimambo 9:10–11:25)

www.goodnewsdailydevotional.com



Muvhuro, Kubvumbi 14

RUDO CHOMBO

Mabasa avaPostori 26:17

“Ndichakurwira kubva kuvanhu vako...”

Bhaibheri rinoti muvengi womunhu anobva mumba mavo. Saka usarwadziwe kana “Judasi” akamuka pakati pehama dzako. Pisarema rinoti, “Kana aindi–paradza ari muvengi, ndingadai ndakazvibata. Asi iwe, waiva shamwari yangu, munhu wandaitenda” (Pisarema 55:12–13 paraphrase).

Zvinorwadza kana kunyengerwa kuchibva kune mumwe wako wepedyo—angava munhu wemumhuri, shamwari, kana mumwe waunovimba naye. Mwari anoziva marwadzo akadaro—Jesu akarwadziswa naJudhasi, uye zvakadaro akazadzisa chinangwa chake.

Mwari achakurwira kunyange kune vavengi, vepedyo newe. Usavhunduka paya paunorasiswa. Asi ramba uchivada, uchiziva kuti Mwari anokununura. Ramangwana rako haritadziswe nevanokumukira asi neavo vanomira newe. Tenda mune muponesi wako, achashandura kurasiswa kwese kuti iwe uve mukundi

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinozivisa kuti Hapana kurasiswa kuchamisa ramangwana rangu. Hapana kurwiswa kunobva kune vari pedyo neni kuchamisa hurongwa hwaMwari pamusoro peupenyu hwangu. Rudo ndicho chombo changu, uye Ishe anondirwira kuvavengi vose uye vachavigwa kumeso angu. Muzita raJesu, kurasiswa kose mukana wokusimuka kwangu. Haleluya!

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaRoma 12:20

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(1 Madzimambo 11:26–13:34)

www.goodnewsdailydevotional.com



Chipiri, Kubvumbi 15

PINDURA KUDANWA KWEHUKURU

Pisarema 68:1 (NKJV)

“Rega Mwari asimuke...”

Mwari haadi zvinhu zvinoshoreka. Akaisa kutenda kwake matiri pese paanotaura tinodaira nekutenda kuri matiri. Zvisinei, vamwe vatendi vanotenda kuti Mwari akataura ari kutaura navo voshandura chokwadi chizvinoreva kuti zvireve zvavanoda ivo. Pachokwadi Mwari anenge achitaura kuhuMwari huri mavari.

Kana Achikudana kuti utendeutse vanhu vepasi rose, haasi kutaura nenyama yako. Akakuti ipa kuimba yake kana kuita hushumiri hwepasi rose haasi kutaura zvinogonekwa newe. Anenge achitaura naMwari ari mauri. Chirevo chose chaunokuti ita uchiona kunge chisingaitiki chinogonekwa naMwari

Bhaibheri rinoti, “Zvirongwa zvemoyo ndezvomunhu, asi mhinduro yemuromo inobva kunaShe” (Zvirevo 16:1). Paunonzwa Mwari achitaura, usati wapindura, funga kuti “Mwari anopindura sei?” Rega hukuru hwake mukati mako husimuke, shandisa kutenda kwake kuzadzisa zvisati zvakamboonekwa.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari simukai mandiri! Ndanoramba upenyu hwakaderera, nokuti ndine simba raMwari mukati. Paanodana kuti ndikunde marudzi, ndopindura nekutenda kwaMwari. Handisungirwi nyenika; ndinoita zvikuru. Ndinoti kuhukuru huri mandiri ,chisimuka muzita raJesu! Ameni.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mateu 19:26

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(1 Madzimambo 14–17)

www.goodnewsdailydevotional.com



Chitatu, Kubvumbi 16

TIZA!

Pisarema 114:3 (MSG)

“Gungwa rakazviona rikatiza...”

Israeri payakabuda muljipiti, havana kufamba vega. Vaifamba nehuvepo hwaMwari— shongwe remoto uye gore zvaivaperekedza, kuratidza simba raMwari. MunaEksodho 14:24–25, tinoona Mwari achitarira nepagore, achirwisa mauto eEjipita, achidzikisa mavhiri, kusvikira maEjipita akavhunduka achi, “Ngatitize, nokuti Ishe anorwa navo!”

Rugwaro rvedu ranhasi runoti, “Gungwa rakazviona rikatiza...” Sezvakitika kugungwa, chero muvengi—kana kurwara, kushomeka, kana chimwe chinokumisa—zvichatiza nokuti Mwari anemi.

Tarira hurombo hwako huchingoona Mwari wobva watanga kutiza. Chingoona zvirwere zvichidedera, zvichiziva kuti hazvigone kukunda. Chero dambudziko rawakasangana naro nhasi, chiziva kuti Mwari anemi! Mugore rino, muvengi anongotarisa Mwari obva atiza!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndino taura, “Zvose zvinondirwisa, tiza.” Matambudziko ose, tangai kutiza zvino! Sezvakitika gungwa, kushomeka uye kutadza zvinotiza muzita raJesu! Muvengi wese anovhunduka, nokuti Mwari aneni, matambudziko ose ano pfugama pamberi pake! Amenii.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Eksodho 14:24–25

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(1 Madzimambo 18:1–20:25)

www.goodnewsdailydevotional.com



China, Kubvumbi 17

TORA HUTANO HWAKO

Johane 10:10 (NKJV)

“Mbavha haizouyi asi kuzoba, kuuraya, nekuparadza...”

Hurwere humwe hwezvigumbuso zvikuru. Hunotonga maitiro ako, hunoderedza rusununguko rwako, huchikumanikidza kuteerera murairo yahwo. Hunotora hutongi muupenyu hwakozvichiputsa hurongwa hwako. Mubati ane hutsinye, dhiyabhorosi anenge akumhura neshamhu.

Muviri wako wakagadzirwa kuti haufanire kurwara. Pakangopinda chinhu chakaipa, muviri wako unovhura hurongwa hwokurwisa kuti ubvise chinovibisa. Mwari Vakaisa mhando yekupora mukati mauri kuti ungopora pasina simba rawaisa. Akaisa hupenyu mauri, kuti uve nehupenyu sehwaMwari.

Kunyangwe zvirwere zvidiki kana zvikabvumidzwa, zvinopa dhiabhoru mukana wokuba, kuuraya, nekupwanya hutano hwako. Usati ndine chine chirwere changu – semuenzaniso, “Sugar yangu,” “denda rangu.” Asi taura hutano hwakakwana pamuviri wako—ndiko kuda kwaMwari, kuno ratidzwa kuburikidza nakirisitu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Muzita raJesu, handibvumiri hutano hwangu kutorwa nezvirwere. Upenyu hwaMwari (Zoe) huri kundipa hutano mutsinga nemapazi ese emuviri wangu. Ndinofamba mutano hwakakwana. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaRoma 8:11

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(1 Madzimambo 20:26–22:36)

www.goodnewsdailydevotional.com



Chishanu, Kubvumbi 18

MIMHANZI INOFADZA MWARI

1 VaKorinte 14:10 (LSB)

“Zvirokwazvo panyika pane mutauro mizhinji yakasiyana siyana, asi hakuna kana mumwe usina zvaunoreva.”

Mimhanzi hakusi kungofadza hana. Rudzi rwemimhanzi yaunonzwa runogona kukanganisa maonero aunoita nyika. Dzimwe nguva zvinoshanda muchivande, usinga tombo nyatsozviziva. Semuenzaniso, kurova kwemoyo wako kunogona kuchinja kunotevedzera mimhanzi yawakanzwa.

Wakambobatwa ne“kurira kworwiyo risina kupera mumusoro mako”? Imwe nziyo inonamira mupfungwa, inoitwa nekuramba uchingoterea nziyo iyi. Mimhanzi inotowedzera kugadzirwa kwe“dopamine,” unnova hutachiona hunounza mufaro. Dzimwe mimhanzi ndinotopinda muropa chaimo, zvekuti inopedzisira yakukutonga

Usambofunga kuti, “Iko kungorira kwengoma.” Ruzha rwese runotakura chirevo rwakadzama, zvinotovhiringa muviri, mupfungwa, nemumweya. Zvinyorwa zvemumhanzi zvitori zimisikidzo zvezvinhu zvakanaka kana kuipa paunozviimba. Mumhanzi unotosheedza mweya wetsvina

Nyatsoongorora nziyo dzaunoterera. Uri kutongwa naMwari here kana kuti newakaipa. Shoko raMwari rinotiudza kuti tiise muviri yedu kuna kirisitu. Nzeve dzako nezvaunoteerera ndezvaMwari. Sarudza nziyo dzinoteerera naMwari kuburikidza nenzeve dzako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinovhara mikova yese yavhurwa nadhiabhoi kubudikidza nezvandakanzwa nenzeve dzangu. Ndinoputsa ngetani dzewakaipa dzakandipinda kuburikidza nemumhanzi. Ndinopatsanura zvandichanzwa nekuterera. Ndakasunungurwa nezita raJesu.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaRoma 12:1

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(1 Madzimambo 22:37–53; 2 Madzimambo 1:1–4:28)

www.goodnewsdailydevotional.com



Mugovera, Kubvumbi 19

CHENGETA ZVIRI ZVITSVVA

Mako 7:13 (NKJV)

“...Nokudaro munoparadza shoko raMwari nokuda kwetsika dzenyu dzamakachengeta kusvika zvino...”

Vazhinji vane chokwadi chokuti hapana chinopfuura simba reShoko raMwari, asi vanozvi nyengedza zvikuru. Bhaibheri rinotaura pachena kuti tsika inogona kuita kuti Shoko risashande—risabatsire. Tsika inzira yekuvharira kubudirira, inoramba isingachinjii, ichikuchengetedza mugwara reupenyu hwekare.

Kuvimbika kunzira dzevanhu kunogona kuti upotse Mwari. Kuvimbika kurudzi, kuchivanhu, kana rudzi kunogona kubvisa mabhenefiti ako semugari weZioni. Paunosangana netsika dzekare nezviri kuitwa naMwari nhasi sarudza kufamba naMwari. Rega Shoko rake ribvise tsika dzako. Kunyangwe zvikanzwa kusagadzikana, zvinokuchengeta parutivi rwakanaka rwechiporofita.

Mwari anogara mune “Zvino” risingaperi. Kuwadzana naye kunoita kuti urege kusara kunzvimbo yaimbenge ina Mwari. Anopa zvakananzika zvake kune vanoziva kunyevenutsa moyo wake. Mugore rino, mupe nguva yakakwana kuitira kuti usapotswe nezvaari kuita nhasi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Tsika dzose dzakandisunga ndikaita kuti Shoko raMwari rishaye simba muhupenyu hwangu dzaputsika! Mwari ari kuita chinhu chitsva mandiri; nzara yangu kwaari iri kukura zuva nezuva. Rwizi rwebudiriro rwotanga paidai pakanga pane kusanaya, zvakararika zvadzororwa, muzita raJesu! Amenii.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Isaya 43:19

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Madzimambo 4:29–8:15)

www.goodnewsdailydevotional.com



Svondo, Kubvumbi 20

MOTO MUTSVA

Pisarema 55:17 (KJV)

“Manheru, namangwanani, nemasikati ndichanamata, ndoshevedzera, iye achanzwa inzwi rangu.”

Fungidzira kupawo muviri wako zororo diki mazuva ose—ndiko kutsanya! Kunyangwe usiri kuchengeta mari, unenge uchipa muviri wako “mukana wekugadziriswazve.” Nhengo dzemuvi dzinobvisa marara, kuitira nyore kupisa mafuta. Pfungwa dzako dzinopinza, uye zvinenge zvichiwedzera hupenyu. Seku tsanya kunovandudza muviri, munamato unovandudza moto wako.

Hupenyu hweMuKristu hunofanira kunge hwakatemwa noupenyu hwekunamata mazuva ose. Munamato wega unobvisa jecha renyika kubva kumweya wako, uchirodza mweya wako. Munamato haufaniri kungozivisa Mwari chete, asi kudira moto. Unopiwa simba kusiya zvivi.

Sezvinoita Jesu kunamata mazuva ose, kugadzira nguva yekunamata zuva rega rega kunoita kuti moto paatari yako urambe uchipisa. Moto iwoyo unokusimbisa, uchipa hupenyu. Kana wazadzwa nemoto, hakuna chisungo chinokusunga! Haleluya!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakasunungurwa panhamo dzezvemuMweya. Nekuti ndinotakura moto waMwari, hapana dhimoni rinokwana nzvimbo yangu! Mangwanani ose, ndinoburitsa zvidimbu zvehupenyu hwangu paatari. Moto uri mandiri unokunda zvese, hapana chakaipa chinokwanisa kundiparadza nekuti ndiri kuzara moto! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mako 1:35

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Madzimambo 8:16–10:24)

www.goodnewsdailydevotional.com



Muvhuro, Kubvumbi 21

ZVINOONEKWA MUSHUNGU

VaEfeso 4:31-32 (NKJV)

“Bvisai shungu dzose, hasha nokutsamwa, kupopota namakuhwa pamwechete nokuvenga kose

Musainzi ye“Toxicology,” kutsvakurudza chepfu, kazhinji chepfu inorasikirwa nesimba rayo nekufamba kwenguva. Asi mu“Toxicology yemweya,” kusakanganwira kunowedzera kuva neshungu kuno pedzisira wava hutachiona unouraya. Bhaibheri rinoti utachiona uyu ndewe zvigumbuso

Kugumbuka kunoitika kana shungu dzokusaregerera dzikawedzera. Kunotapudza mweya. Ndino garo taura kuti kusaregerera kwakafanana nekumwa muchetura uchitarisira kuti mumwe munhu afe. Kubatirira pane zvawakaitirwa kwenguva refu kuno shungurudza iwe kozoenda kune vakakukomberedza. Kusungirira zvigumbuso kunosvibisa vakawanda

Mhinduro? Regedza mhosva nekukurumidza. Hazvinei kuti uyo akakushatirisa akaripa here kana achinge asingashandure maitiro ake. Mwari anoraira kuti tikanganwire. Sarudzo yaunoita yokukudza Mwari. Wakaitwa mukufanana naye, uye anokanganwira vakasunungurwa. Ita saizvozvowo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Muzita raJesu, ndinosunungura vose vandakachengeta muhusungwa wekusakanganwira. Ndasunungura chitadzi chese, ndobvisa kuvava, hasha, nekusakanganwira. Mweya wangu hautapudzirwi. Ndinokanganwira, handisisina kusungwa kwehutsinye! Haleluya!

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaHebheru 12:15

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Madzimambo 10:25–14:10)

www.goodnewsdailydevotional.com



Chipiri, Kubvumbi 22

KUTONGA ZVOKUDYA

Zvirevo 23:2 (ESV)

“Isa munondo pahuro pako kana uchida chaizvo kudya.”

Fungidzira kupinda mufestival yokudya uko mabhizimusi ese akagadzirirwa kutora pfungwa dzako. Zvinoita sekunge mabhizimusi anhasi ava ekungobata pfungwa dzavanhu chete. Vanoziva zvechikafu vaita makore nemakore vachingogadzira zvikafu zvinobata moyo Zvinova munyu, tsvigiri nemafuta anoitisa kuti urambe uchingoda chimwe chikafu. Zvikafu izvi zvinokupa nhomba inogara muofungwa zvekuti unoramba uchichi tsvaga uye nhoma yacho haiputsike.

Pamusoro pe1,000 zvidzidzo zvinobatanidza kudya kwakanyanyisa kugadzirwa (ultra-processed foods) nokukanganisa hutano. Kuzviziva, tinowana kuti rave dambudziko rinogadzira varanda vekudya.

Vana baba vezvemweya vanozivisa kuti chikafu chinovhiringa munyika yemweya. Vamwe vanoisa simba rose muminamato asi havana basa nezvavanodya. Kugona kudya chinhun hazvirevi kuti zvinobatsira muviri wako. Dzidzira kuchenjera nourema, uchisarudza zvine hutano mumuviri nomweya.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinobata nyasha dzevakangwara vane simba pamusoro penhomba yavo. Kudya hakuzonditongi. Kushuva zvisina utano, ndinozviiisa pasi pesimba rangu. Mugore rino, chidhori chekudya chagurwa. Maziso angu avhurika; handizonyengerwi zvakare!

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 VaKorinte 6:12

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Madzimambo 14:11–17:18)

www.goodnewsdailydevotional.com



Chitatu, Kubvumbi 23

NDINOKUTARIRA WEGA

Rwiyo rwaSoromoni 6:3 (NCB)

“Ndiri wemudiwa wangu, uye mudiwa wangu ndangu.”

Unorangarira rudo rwekutanga? Mhepo yerudo inokuvhuvhuta, ichikukanda kunyika inopisa, zvese zvichiita seupenyu hunoda kunakidza. Ndiho kubaya kweshanje mudumbu, moyo unorova nekutsvedzerera pese paunoshaikwa, chitendero chehwindo—izvo Mwari anogara achingoda kusanganiswa nacho newe. Uye zvinokwanisika.

Mazuva ano, tsika yanhasi inogamuchira ma“inclusive mentalities” anotsiva kutendeka kumunhu mumwe nezvinonyadzisira, kupamba, kusanzwiswa. Vanokundikana kuenderana mupfungwa dzepamusoro, votoreru hupenyu hwemumwe.

Asi iwe unokwanisa kugadzira hukama hwakadzama hwepedyo neMusiki wevasikwa vese. Ndicho chinangwa cherudo munaMwari. Tanga nokutsaura nguva yekunamata, uchimutaurira chokwadi nezvaungada—chenjerera kumunzwa—muratidze rudo mukunamata nekuteerera Shoko rake. Paunozviita, swedera pedyo naye, unonzwa huvepo hwake nenzira itsva, wobata Runako nehukama hwakadzama.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwoyo wangu wakatsaurirwa. Ndinodzokera kurudo rwangu rwekutanga, ndichitsvaga hukama hwepedyo naMwari. Nhasi nezuva roga-roga, ndotsaurira nguva yangu mukunyengetera. Ndiri waMwari, naMwari ndewangu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Zvakazarurwa 2:4–5

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Madzimambo 17:19–19:24)

www.goodnewsdailydevotional.com



China, Kubvumbi 24

WAKAYEDZWA NEMOTO

VaRoma 12:11 (VOICE)

“Mweya wako ngaubereke moto, uchinichira, wofashukira, paunoshumira Ishe.”

Moto isimba risingaregi, unoyedza zvose zvaunobata, uchiburitsa chimiro chechokwadi chezvinhu. Zvesimbi zvinotsvedzeredzwa, zvichisimbiswa nemoto, asi kana ukamwaya moto pane huni, inoparara zvakadai. Moto haungopisa, unopisa zvakasviba—zvose zvisina chokwadi—zvichisara zvakachena. Haufanire kunyengera moto.

Hupenyu husina moto hunokwanisa kunyengerwa nemidzidziso yenhema. Vari panjodzi ndevaya vasina moto—vatendi vanotaridzika kutenda asi vasingabereki masimba emweya. Moto unopa kupisa, asi moto usaizve “lukewarm”; unopisa kana kusipo.

Mwari anoda vanhu vane moto, kwete ruoko runotoro chitarisiko chatonga asi pasina. Kana wakazara moto, hapana munhu anogona kukunyengera. Regedza mweya wako ubereke moto zuva nezuva. Wedzera moto kubudikidza neminamoto. Usagare uri mukristu wemazvo asi asina masimba. Tanga upenyu hune moto, “fake” zvese zvinopiswa kuwusviba!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinozivisa kuti handingabi kupisa kwomoto wangu. Pandinoisa hupenyu hwangu pamoto zuva nezuva neminamoto, nhema dzose dziri kupiswa. Hupenyu hwangu huchabvira nesimba raMwari, richionekwa nevanhu, muzita raJesu!

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mateu 24:24

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Madzimambo 19:25–23:9)

www.goodnewsdailydevotional.com



Chishanu, Kubvumbi 25

MAITIRO AKANAKA

Zvirevo 12:24 (ERV)

Maoko anoshingaira achatonga, asi usimbe hunopedzisira mukushanda somuranda

Bhaibheri rinoratidza mufananidzo wakajeka wemuvengi anonzi nyope. Pakutanga, zvinonakidza kudzima bhero rinokumutsa, kana kungosiya basa rawaifanira kunge uchiita, usati wazviziva chatova chijairira chekuramba wakarara apa nhamo inenge ichiuya pedyo newe.

Hunyope hunokuitisa muranda wezvikereti, kushushikana nekukundikana. Zviroti nekushingaira kunozoshaya kwekuenda kwangosungirirwa. Shoko riri pachena, hunyope inzira yekuzviisa muhuranda.

Urombo hunoenderani nekushanda zvakananyanya, asi ndinoti Shanda zvinouchenjeri. Kushanda nesimba unokurumidza kuneta usina zvinobatika zvawaburitsa. Nerumwe rutivi kushanda zvakanhenjira nemidziyo yebasa uye kurongeka kunoitisa kuti rikurumidze kupera. Kushanda kwakanhenjira kunogoda kurongeka kuti basa rikurumidze. Shanda neuchenjeri unokunda gore rino.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handizofi ndakafa ndiri murombo! Ndakaramba kushanda, ndichasarudza kushanda nehuchenjeri. Sezvandino namata, zano rangu rinobva kuna Mwari. Kubudikidza nehungwaru hwake, ndinoronga, ndichishingirira, ndowanakidzwa nenguva nesimba. Chikwereti chakadzimwa! Urombo hwatiza, ndinowana kubudirira kwese, muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Zvirevo 24:33–34

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(1 Madzimambo 23:10–25; 1 Makoronike 1:1–16)

www.goodnewsdailydevotional.com



Mugovera, Kubvumbi 26

KOSHESA ZVINHU ZVINOKOSHA

VaFiri 3:8 (CEV)

chimweve ndakati zvinhu zvose kurasikirwa hako kana zvichienzaniswa noukuru hwokuziva kristu. Wandinoda ndikristu

Ndakataura nyaya yakaitika kuti Mwari akanga ane nguva yakasarudzwa naJesse Duplantis (Apostora weMufaro). Kwakanga kuri pakati pehusiku, ingangoita 3 a.m., apo Mwari akapinda mumba maJesse: “Jesse, muka!” Jesse akazarura maziso ari kuhope, nezvinyorwa zvake, akapindura akati, “Mwari ndakarara sei musina kuuya na 10pm, ?” Mwari vakamupindura, “Nokuti wanga wakabatikana kutarisa firimu.”

Fungidzira izvozvo. Mwari ainge akarongera kushanyira Jesse panguva inotangira kudekara, asi ruzha rweterevhizheni rwakamunonotsa kusangana naye. Mhinduro iyi inotiratidza kuti zvirori nyore kupotsa nguva dzaMwari kana zvatintarisirwa kuita zvazara nekuzvivaraidza. Izvi zvose mukana wekuti tidane kunaMwari, tisarudze huvepo hwake pachinzvimbo chemashoko anodya nguva.

Mugore rino, ndichava nenjere pakunzwa Mwari, ndichisiya nzvimbo yokuwadzana naye. Minamoto inorodza pfungwa dzako, nekunzvera nguva. Sezvo tichipa nguva yezvinhu zvakakosha muupenyu, itawo zvimwechete pazvinhu zvaMwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotaura kurongeka muzvinhu zvemweya. Ndinozivisa kuti handipotsane nemukana wangu muna Mwari, muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaKolosa 3:2

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(1 Makoronike 1:17–3:9)

www.goodnewsdailydevotional.com



Svondo, Kubvumbi 27

HAUSUNGIKI

Mako 5:3 (MSG)

“...Uye kwakanga kusina munhu aigona kumusungazve, kunyange kana nengetani...”

Kubva kare ngetani dzinoshandiswa kudzvinyirira nekumisa kusunguka kwako pamafambiro angaita munhu. Nhapwa dzaiiswa ngetani dzamakumbo, ruzha runobuda mungetani richingova yeuchidza rusunguko rwavo rwakabiwa. Nazvino majeri anoisa ngetani dzemumaoko kuti usanyanyo famba famba. Ngetani dzose idzi dzinongoita basa rekuti upere simba.

MunaMako 5, tinowana murume aiva nemadhimoni. Bhaibheri rinoti, “Hakuna aigona kumusunga—aisagona kusungwa, aisagona kupfekwa zvisungo.” Kana madhimoni achigona kupa murume akadai simba rekuramba kusungwa, funga pfungwa izere yaJesu iri mauri!

Simuka nesimba reMuponesi wako! Munhu Wakazodzwa anogara mukati mako. Une simba riri mauri. Hapana dhimoni rinokusunga, kana kukubata. Ndinozivisa semuporofita, joko rekudzvanyirirwa tinori putsa. Nzira dzasatani tinoputsa dzose.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinozivisa, “Ndinokwanisa zvose kubudikidza naKristu, ane kuzodza, anondipa simba.” Zvisungo zvose zvaputsika! Hapana nzira yewakaipa ichandimisa. Ndichafamba gore rino, hapana masimba erima anobata bhizinesi, hukama, ushumiri, kana mari yangu, muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Isaya 10:27

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(1 Makoronike 3:10–6:30)

www.goodnewsdailydevotional.com



Muvhuro, Kubvumbi 28

ZVINHU ZVINOBATIRANA

VaHebheru 13:4 (PHILLIPS)

“...Kuwanana ngakukudzwe navose, uye nhoo yewanano ngairege kusvibisw, nokuti Mwari achatonga mhombwe navose vanofeva...”

Wanano inogara yakashorwa nekushoropodzwa nevanhu vamwe vachiona sekunge unenge wapinda mujeri. Asi, zvisinei nezvinofungwa nevanhu vanyanduri vakaona kuti varume vakaroora vanogara vahifara uye vanorarama makore akawanda. Chishamiso kuti izvi zvakasiyana kune vanhukadzi.

Kutsvodana kunosimbisa sungano kune vakaroorana, kunotaura kupfuura zvingataurwa namashoko. Kutsvodana kunovhiri ngidzao zvakare. Vanhu vakatsvodana pfungwa dzinobuditsa uturu hwerudo hunosanganira kufara. Uturu uyu hunokonzera kuti mubatane zvine mufaro

Nyangwe zvichiita kuti ngano, kutsvoda mumwe wako kanguva kadiki kano shandura nhema dzewanano zvichiudza sungano yakanaka. Pane kuita muchohwe hwekuti wanano ijeri tora nguva diki diki yekutsvoda mumwe wako zuva nezuva. Zvinounza musiyano wekudiwa nekudisiswa.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinozivisa nekudevedzera kuti wanano yangu yakaropafadzwa, kwete mutoro. Ndine rukudzo kumudiwa wangu, uye nyasha dzaMwari dziri paWANANO yangu. Ndinotaura mufaro, rugare, rudo rwechokwadi kuhukama hwedu muzita raJesu. Amenii.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 VaKorinte 7:3

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(1 Makoronike 6:31–8:28)

www.goodnewsdailydevotional.com



Chipiri, Kubvumbi 29

KUTENDA KUSIDENGENYEKI

Jeremia 20:9 (NKJV)

Asi kana ndikati, handicharevi zita rake, kana kutaurazve muzita rake, shoko rake riri mumoyo mangu rakaita somoto, moto wakapfigurwa mumapfupa angu. Ndaneta nokuridzivisa , zvirowkazvo, handigoni

Nenyasha dzaMwari, ushumiri hwedu hwakura kusvikira vanhu vanopfuura 3.2 mamiriyoni, asi hazvina kutanga zvakadaro. Pakave nemiedzo, matambudziko, uye nguva yataingovimba ne“kutenda.” Asi, kwaiva kutenda kusingadengenyiki, kutenda kunoti, “Ndinoziva Mwari wangu haangandikundikani!”

Jeremia aiziva kurwadza kunoita kurasiswa, kunyangwe kurasiswa nezvivimbiso zvaMwari . Asi aingotakura moto waimupa simba rokuenderera mberi. Vanhu vose vakaku shoropodza kana kusakunzwisisa nyangwe vemhuri vakapokana newe moto waMwari unokusimbisa. Hama neshamwari vakakupandukira usazungunutswe pakutenda pako.

Kutenda kusingadengenyeki hakusi kwekuita munana chete asi isimba rokugara, kutsungirira nekumira wakasimba nyangwe zvichiita sekunge zvinhu zvose zvakuputsika.Ramba uchitaura zvivimbiso zvakarehwa naMwari zvisinei nezvauri kupfuurana nazvo. Ndinotaura nyasha dzekutenda kusingazununguki kunoitisa kuti ugone kumira zvisinei nezvauchasangana nazvo gore rino.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinozivisa, “Ndine kutenda kusingadengenyuki. Handidengenyuki, handikundikani!” Dutu nemadambudziko zvinogona kuuya, asi ndichamira. Kutenda kwangu kunogara, kunokunda, uye kunoona chipikirwa chaMwari chichi zadziswa muupenyu hwangu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Jakobho 1:2

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(1 Makoronike 8:29–11:21)

www.goodnewsdailydevotional.com



Chitatu, Kubvumbi 30

SARUDZO IMWE CHETE

Eksodho 23:22 (NIRV)

“Rangarirayi zvaanotaura, muitewo zvose zvandinoraira. Ipapo ndichava muvengi kune vavengi venyu, ndicharwa navano kurwisai.”

Gore rakadarika, paiva nemutambo mukuru wokurwa , Jake Paul naMike Tyson, uyo aimbova gamba risina aipokana naye. Tyson ainge aisa kutya kune vaairwa navo semhare mumutambo wekurwa pasi rose, akarikitwa. Kukundwa kwake kwakanyadzisa kupfuura mitambo yaainge akakunda. Muvengi wose achada kurwa newe achasangana nekunyadziswa.

Chikanganiso chikuru chinoshamisa muvengi wako ndechekufunga kuti hapasisina anomurwisa. Nokuti Mwari anogona kunonoka kutsiva kwake, asi havazvize kuti hapana anokwanisa kupukunyuka. Mwari ane chiyero chake, Haakwanisi kubirwa. Sezvinaita mvura inonaya ichibva mumakore azere.

Mwari haana vavengi; ane hukuru hunopfuura zvose. Asi anovimbisa muShoko rake kuti vavengi vako vanova vake. Usaore mwoyo . Mwari achakurwira, uye mhinduro ichava imwe chete: unobudirira!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Vavengi vangu ndivo vavengi vaMwari; vadvizisi vangu ndivo vadvizisi vaMwari, nokuti Mwari aneni. Naye, ndichave nezwi rekupedzisira, uye kuzivisa kwacho kwakafanana: ndinokunda! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 Samueri 2:1

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(1 Makoronike 11:22–15:29)

www.goodnewsdailydevotional.com



CHINA, CHIVABVU 1

KUGADZIRWA KUBURIKIDZA NEMUNAMATO

Genesisi 1:2 (KJV)

“...Uye Mwera waMwari wakaguburira pamusoro pemvura.”

Huku (tseketsa) inokandira mazai, inogara pamazai ayo, ichimachovha kusvikira aburitsa hukwana. Munguva iyoyo, inorarama yaita kuvharidzira pamwe nekudzivirira mazai ayo kubva kune zvose zvakaipa. Mukati mezai, yoku inovandudzika kuita huku, yakagadzirira kubuda panguva chaiyo yakafanira.

Nenzira yakafanana, kana uchipinda mukamuri yako yekunamata, unopinda munguva yekugadzirwa kwekuvandudzika kwako. Ndicho chikonzero ndichigara ndichiti munamato hausi wekuudza Mwari zvinhu, asi wekuumbwa kwako pachako. Inguva yakakosha apo.unenge uchi umbwa apo unenge uchiwadzana na Mwera mutsvene asi paunenge wakura, unotonzwa kakunyumwa kekukunda wobva watobuda mudambudziko rawange wakurarama naro! Usakurumidze kubuda usati wapedza kugadzirwa. Rega Mwari avatire pamusoro penyaya yako.

1CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Pandinopinda mukamuri yangu yekunamata, hupenyu hwangu huri kushandurwa. Ndichabuda ndine kukunda mune chero mamiriro ezvinhu, muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaRoma 12:2

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(1 Chronicles 16:1–19:9)

www.goodnewsdailydevotional.com



CHISHANU, CHIVABVU 2

VAMIRIRI VOKUDENGA

2 VaKorinte 5:20 (NIV)

“Naizvozvo tiri nhume dzaKristu, sokunge Mwari ari kukurudzirana nesu. Tinokukumbirisai pachinzvimbo chaKristu, ‘Batanidzwanai naMwari.’”

Chizaruko hakusi kungova neruzivo rwaunoziva chete, asi ruzivo rwaunoshandisa. Nhasi, ruzivo rwaunarwo parugwaro urwu ngaruve chokwadi chinorarama paupenyu hwako. Rugwaro urwu haruna kungoreva kuti uri kumiririra denga pasi pano, asi nguva yawakagamuchira Kristu, wakava mwanakomana waMwari, mudyi wenhaka pamwe chete naKristu, ukadarika kungova munhu badzi asi kuva mufananidzo unobatika wedenga!

Izvi zvinoreva kuti paunofamba, denga riri kufamba. Paunotaura, denga riri kutaura! Hasi kuzofamba nemitemo yenyika ino, uye hasi kusungirwa neupfumi hwayo. Zarurika uzive chokwadi ichi, watora mukana wekodzero dzaunadzo semumiririri wedenga panyika. Mumba mako, kushaiwa hakuna nzvimbo, zvirwere hazvina nzvimbo, kushushikana hakuna nzvimbo zvakare. Kana ukaona uchishaiwa chinhu, tora kubva kudenga kwawakabva, uchaona zvichionekwa pano pasi!

CHIPOTOFITA CHEKUTAURA

Ndiri mumiririri weDenga panyika, ndiri mufananidzo unobatika weDenga pasi pano. Ndinoshanda nemitemo yeDenga muzita raJesu! Amenii.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 Petro 4:11

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(1 Chronicles 19:10–23:11)

www.goodnewsdailydevotional.com



MUGOVERA, CHIVABVU 3

KUPORESWA KWAKAPFAVA

Mateu 15:26 (KJV)

“Asi akapindura achiti, ‘Hazvina kunaka kutora chingwa chevana, chichikandira imbwa.’”

Mugwaro iri, Ishe Jesu anofananidza kuporeswa nechingwa, pashure pokunge mukadzi wechiKenani akumbira kuti mwanasikana wake aburitswe mumweya yakaipa. Akaona kuporeswa kwakafanana nechingwa chevana, chinhu chakajairika chinodiya zvakananyanya nevana.

MuSpirit Embassy, tava neizwi rokuti “Kuporeswa kuri nyore,” nekuti nguva zhinji vanhu vanouya patinosangana tichinamata, mhando dzose dzezvirwere nezvisingarapiki zvinoporeswa muzita raJesu! Ingava shuramatongo, gomarara, kupofomara, zheve dzisingahwi, kusabereka nazvese zvakasiyana siyana zvirwere zvirii kuporeswa.

Naizvozvo, semwana waMwari, haufanire kurwara. Gamuchira kuporeswa kwako nhasi muzita raJesu! Zorora utende muchibayiro chaMwari icho chakaitwa kare, akabhadhara mutengo wakakwana pakuponeswa kwedu.

CHIPOTOFITA CHEKUTAURA

Nemavanga ake takaporeswa! Ndinorarama muhutanho hwedenga! Handichazorwara kunyangwe zuva rimwe chete muupenyu hwangu muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 Petro 2:24

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(1 Chronicles 23:12–26:19)

www.goodnewsdailydevotional.com



SVONDO, CHIVABVU 4

GWARO REBHANGA RA MWARI

2 Petro 1:3 (KJV)

“Sezvo simba rake rakativigira zvinhu zvose zvine basa noupenyu nehutsvene, kubudikidza nokuziva lye akatidana kubwinya nehutsvene.”

Mwari achisika denga nyenika, akaisa zvinhu zvose zvakafanira panzvimbo asati aisa Adhamu. Mushure mekunge munhu atadza, Ishe wedu Jesu Kristu akauya kutidzorera mukubwinya kwange kwarasika kunova uko kusina chinonzi kushaya, kusina zvirwere, uye uchiwadzana naMwari.

Zvino, apo parehwa zvakawanda zvaiswa muchidimbu, asi chokwadi chiripo ndechekuti munaKristu, tine zvinhu zvose zvatinoda pahupenyu huno. Kunyangwe paupenyu hwaJesu, panyama tinoona muenzaniso hwekurarama upenyu hwepamusoro soro seapo vanofamba nechifambiso chaidhura pamukore iwowo, vachipfeka mbatya dzaidhura dzakachiviwa nematico echiRoma zvakare vaiva nepfuma yaikwana kupa zvokudya kuvanhu vanopfuura zviuru zvisihanu, mienzaniso yeupenyu uhwu haingatongereri!

Iyi ndiyo nhaka yaakatisiira. Chero chaunoda, “nyora Jesu,” unochiwana!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakaropafadzwa nezvose zvandinoda muupenyu huno, ndazviisa muruoko rwangu muzita raJesu!

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Johane 10:10

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(1 Chronicles 26:20–29:19)

www.goodnewsdailydevotional.com



MUVHURO, CHIVABVU 5

SHOKO RAMWARI RINOFAMBA

2 VaKorinte 3:2 (KJV)

“Imi muri tsamba yedu yakanyorwa mumwoyo medu, inozivikanwa nekuverengwa navanhu vose.”

Wakambotereresa here rwiyo rweGoodNews World anthem? Ona pachikamu chokuti, “Tine mutoro... tiri Shoko raMwari riri kufamba, zviratidzo nezvishamiso.”

Rugwaro rwuno runoti tiri tsamba yakanyorwa, tiri Shoko raMwari riri kufamba. Kwese kwaunoenda, unenge uchiparidza Shoko kunyange usati wavhura muromo. Uri chiedza chinopenya murima; uri chiratidzo nechishamiso. Paunosvika, Jesu anenge asvikawo!

Zvino Nhasi, vhenekera zuva remumwe munhu nhasi. Iva chiedza chetariro. Simudzira mumwe kubudikidza neShoko rawakatakura. Nyika ngaione rudo rwaMwari kuburikidza newe. Rudo rwaMwari rwakazorerwa mumwoyo mako. Paunoita izvi, uchaonawo kusimudzirwa paupenyu hwako pachako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mufananidzo unobatika weShoko raMwari. Ndinounza tariro, rugare, uye rudo kwese kwandinoenda. Ndiri Shoko raMwari riri kufamba muzita raJesu! Haleluya!

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaHebheru 10:16; VaRoma 10:15

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(1 Chronicles 29:20–30; 2 Chron. 1:1–4:10)

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIPIRI, CHIVABVU 6

MBEU ISINGAORI

1 Petro 1:23 (KJV)

“Kuberekwa patsva kwenyu hakuzi kunobva mumbeu inoparara, asi kubva mune isingaparare, kubudikidza neShoko raMwari rinorarama, rinoshingirira narinimi.”

Paunogamuchira Kristu, iwe chaiye (mweya wako), wakabva waberekerwa kubva kumusoro, kubva kumbeu isingaori yaMwari ichikuisa muupenyu husingaperi. Ropa rawakatakura harigone kukanganisika. Zvakakosha kuumba kunzwisisa kwako pachokwadi ichochi. Ukagona kubata izvozvi, hauchazomborwara chero zuva muupenyu hwako kusvika nokusingaperi. Haleluya!

Hapana nzira yekuti gomarara, shuramatongo, kana chero chirwere chipi zvacho chinga kanganisa mbeu yaMwari. Asi zvinotoda kumutswa kwepfungwa nekunzwisisa kuti hapana chirwere chine kodzero yekugara mumuviri mumwechete une mweya wako. Ruponeso rwawakagamuchira rwakakudzosera pakuva usina chaungashaya uye hapana chakatyoka saka tanga kuraira muviri wako kuti utenderane nezvokwadi yemweya wako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakaberekwa nembeu isingaore yaMwari. Ndinoburitsa zvirwere zvose muviri mangu. Hapana chingashaika, uye hapana chakatyoka muupenyu hwangu, muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

2 VaKorinte 5:17

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Chronicles 4:11–7:22)

www.goodnewsdailydevotional.com



CHITATU, CHIVABVU 7

HUPENYU HWEPAMUSORO

Muparidzi 10:7 (KJV)

“Ndakaona varanda vakatasva mabhiza, uye machinda achifamba senhapwa panyika.”

Wakambozvifungisisa here izvi, semubereki, uchiona mwana wako achirarama upenyu hwekupemha, asi iwe wakamupa zvakawanda kupfuura zvakaringana pane zvaanoda kuti ararama hupenyu hwakachena uye hwunodakadza. Kwete izvozvo badzi, asi kutoonazve pfuma yose iyoyo ichiparadzwa nekusimudzira avo vanofanirwa kunge vari pasi pemwana wako iyeye.

Zvino chizvifunga marwadzo anosangana naMwari achiona vana vake vachitambura, pamwe nekumukumbira kuyambutswa kubva mumarwadzo eupenyu. Asi Mwari akavapa zvese zvavanoda nekuraudzira. Nhasi ngarive zuva rekuti nhau iyoyo ishanduke muupenyu hwako paunomutsa hwindakwi iri mukati mako watora zvirizvako. Simukira pamusoro nehupenyu hwako hwekubudirira utonge muzita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakanwa kuhupenyu hweuwandu zvepamusoro, uye kushaikwa hakuwanike kwandiri. Muganhu wangu wakawira panzvimbo dzakanaka, ndine nhaka yakanaka muzita raJesu! Amenii.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Hosiya 4:6

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Chronicles 8:1–11:12)

www.goodnewsdailydevotional.com



CHINA, CHIVABVU 8

NDIMI DZEMOTO

Mateu 3:11 (KJV)

“...Iye achakubhabhatidzai neMweya Mutsvene uye nemoto.”

Rubhabhatidzo rwaJohani rwaiva rweMvura mukutendeuka, asi rwalshe Jesu rwaiva rweMweya Mutsvene uye nemoto. Wakaiswa chisimbiso neMweya, uye imba inesimba yemoto, yakatakura simba rakawndisa kupfuura ringadikanwa kukunda chimhingamupini chipi zvacho chinga mira munzira mako.

Chiona, kana uchitaura, mashoko ako haasiriwo simba, asi ndiwo mudziyo unotakura simba. Simba iroro rinobva munzvimbo yokunamata, uye nzvimbo yokunzvera. Sezvawakaona Ishe Jesu vachibva kugomo vonoraira madhimoni kuti aende, kubva nhasi, sezvaucharamba uchiunganidza munamato, isa pfungwa dzako pamashoko aunotaura, nekuti mazwi ako achave ane simba rekuchinja mamiriro ezvinhu kunyangwe akadii zvawo. Zviise mundangariro dzako, kunyangwe uchinamata nendimi, ubve waona dambudziko iroro richinyangarika richitsva.

Kunyangwe kutendeutsa vanhu kurinyore kana mutauro wako wakarungwa nemoto. Mazwi ako anounza kutendeusa kwechokwadi kunochinja mwoyo nemifungo vanhu vachienda kunaJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mutauri akazara nemoto. Mazwi angu akazara simba. Pose pandinotaura mazwi, mwoyo yevanhu inotendeutsa, varwere vanoporeswa, uye minana inoitika muzita raJesu! Amenii.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaRoma 1:16

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Chronicles 11:13–15:19)

www.goodnewsdailydevotional.com



CHISHANU, CHIVABVU 9

NGONI DZA MWARI

Mairo 3:22-23 (KJV)

“Netsitsi dzaJehovha hatiparadzwi, nekuti unyoro hwake hahupiwi. Hunovandudzwa mangwanani ose, huru kutendeka kwenyu.”

Pachokwadi rudo rwaMwari haruna charunoda uye haruna muganhu; kunyange tichiri vatadzi, Kristu akatifira. Zvisinei nemifungo yedu yakapesana, zvitendero nemagariro, vanongoramba vachitida, uye vanomirira nemoyo murefu kuti titendeuke kwaari. Kunyange tazvipira kwaari, ngoni dzake dzinovandudzwa mangwanani ose, achitikanganwira zvivi zvedu.

Zvakakosha kunzwisisa rudo rwaMwari kwatiri. Funga mukana mutsva uripachena watinopiwa zuva rega rega. Iyo haisi rezenisi rekugara muzvivi, asi paunoisa izvi mundangariro dzako, unotanga kufamba pamweya werudo irworwo. Rambira muvengi kure nekuti anokonzera urarame uri munyika yekufunga nezvezvivi pamwe nekuzvipa mhosva.

CHIPOROFITA CHEKUTAURAA

Ndiri mboni yeziso raMwari; hapana chinogona kundiparadzanisa nerudo rwake. Ndinorarama mupfungwa dzokuropafadzwa muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaRoma 8:35–39

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Chronicles 16:1–20:13)

www.goodnewsdailydevotional.com



MUGOVERA, CHIVABVU 10

CHOMBO CHAMWARI CHEPAMUSORO

Jeremia 51:20 (KJV)

“Uri demo rangu rehondo nezvombo zvangu zvekurwa: nekuti newe ndichapwanya marudzi, newe ndichaparadza umambo.”

Fungidzira izvi: Kana Mwari achipinda muimba inogara zvombo kuti atore chombo chimwe chete kuti arwe hondo nacho, anosarudza IWE sechombo chake chepamusoro! Kana kuri kuporesa munhu, kana kuparidza nhau dzakanaka, kana kufambisa pfuma yeUmambo, anokutora iwe. Ndiwewe Mwari anodaidza kuzadzisa kuda kwake.

Izvi zvinofanira kukuratidza kuti hapana chakajairika mauri! Ndiwe “Superman” mutsva munaKristu (2 VaKorinte 5:17), izvo dhiabhori nemauto ake vasingajairire. Nhasi, paunoronga zvaunoda zvebhizimusi rako, fambira mberi wakaita sebara rinopisa rakaregedzerwa kuparadza zvimhingamupini zvose zvingava zvinovhiringa kuenda mberi kwako, zvichikanganisa kupararira kwenhau dzakanaka dzaKristu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri chombo chaMwari chakasarudzwa. Kwese kwandinotumirwa, ndinokunda, muzita raJesu! Ameni.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Zvirevo 10:22

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Chronicles 20:14–24:14)

www.goodnewsdailydevotional.com



SVONDO, CHIVABVU 11

FARA, PEMBERA

Mateu 7:24–27 (KJV)

“Uyu ndiye zuva rakaitwa naShe; tichafara nekugutsikana mariri…”

Shoko rine mutsindo iri rinofanirwa kunge riri rokutanga kubuda mumuromo mako zuva roga roga paunenge uchiraira zuva rako. Hazvina basa kuti chii chinogona kukuwira, chakanaka kana chakaipa, watozvitaura kuti uchafara mariri, uchiziva kuti izuva rakapiwa naMwari.

Usafunge zvakashata zviri kuitika muupenyu hwako. Ndicho chikonzero Bhaibheri rinoti, “Musazvidya mwoyo pane chimwe, asi muzvose, namata uye tenda Mwari,” ndipo rugare rwaMwari runokuchengetedza moyo wako. Saka kana paunosangana nekusagadzikana muupenyu, iwe fara, rasisa dhiabhori, uye unakirwe neupenyu uchiri ipapo uchiziva kuti zvose zvinoitika, zvinoitikira zvakana chete kwauri! Paunofara, uri kusimbiswa, nekuti shoko rinoti “mufaro waShe ndiro simba 1redu.” Saka zvakakosha kugara uchifara; ndipo panobva simba!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mufaro waShe ndiro simba redu. Handizofa ndakaomerwa nemamiriro ezvinhu, nekuti ndine simba rekusundira mberi muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaFiripi 4:4

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Chronicles 24:15–28:27)

www.goodnewsdailydevotional.com



MUVHURO, CHIVABVU 12

CHIGADZIRIRO

Mabasa 12:5 (KJV)

“Petro saka akachengeterwa mutorongo; asi kunamata kwaiitwa zvisina kupera kwechechi kuna Mwari nokuda kwake.”

Wakamboona huku yakararira mazai ayo, ichirichovha ichiita ose awane tembiricha yakafanira zvisinei nemamiriro ezvinhu pairi? Inomashanda yakaisa pfungwa dzese ipapo zvisina kuvhiringidzwa kana nechinhu chimwe chete, ichiisa zvese zvingadikanwa kudzamara iri nhiyo yabuda panguva yakafanira.

Apa tiri kuona kereke ichipinda “incubation mode,” ichinamata kuna Mwari pasina kurega, nokuda kwaApostora Petro. Vakaramba vachinamata kusvikira ngirozi dzalshe dzatumwa kundoburitsa Petro mujeri. Dzimwe nguva unofanira kugara mukamuri yekuzvitsaurira wonamata nezvechaunoda kusvikira wanzwa kunyumwa kwekukunda mumweya!

Ziva nhasi simba rawunaro kubudikidza neminamato, wotanga kurishandisa pakugadzira shanduko muupenyu hwako, navamwewo. Pedza nguva yakareba uchinamata, sekuita kwaEria, akaisa musoro wake pakati pemabvi, kusvikira abuditsa mhinduro yaanoda.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoshandisa simba randakapihwa naMwari kuburitsa zvishuvo zvemwoyo wangu kubudikidza nemunamato, muzita raJesu! Amenii.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 Madzimambo 18:42–45

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Chronicles 29–31)

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIPIRI, CHIVABVU 13

MBIYA DZENDARAMA

Zvakazarurwa 5:8 (KJV)

“Uye paakanga agamuchira bhuku, zvisikwa zvina uye vakuru makumi mavaviri nevana vakawira pasi pamberi peGwayana, umwe neumwe ane chiridzwa, nehari dzendarama dzizere nemubairo, iyo minamoto yevatsvene.”

Kana uchinamata, minamoto yako inounganidzwa muhari dzendarama, zvichipiwa pamberi paMwari sehwema hunonhuwirira. Zvione izvi mundangariro dzako uchinamata, uchiona minamoto yako ichiuya pamberi paMwari sehwema hunonhuwira inofadza Mwari. Minamoto yako inonakidza kunaMwari!

Saka hazvigoneke kuti Mwari agamuchire minamoto yako, ozvida, wozokusiya usina mhinduro. Bhaibheri rinoti, “Ichi ndicho chivimbo chatinacho maari, kuti kana tichikumbira chimwe chinhu maererano neShoko rake, anotinzawo” (1 Johane 5:14-15). Nokuti anotinzwa, zvichemo zvedu zvakapindurwa, haleluya! Saka kana uchinamata, ziva kuti uri kuita kuunganidza zvichitorwa sehwema hunonhuwira kudenga pamberi paMwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mboni yeziso raMwari. Ndakanyorwa muzvanza zvemaoko ake. Uye akatoverenga vhudzi rangu uye anatora yese misodzi yangu. Pachokwadi ndiri munhu anodikanwa chaizvo naye, muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Pisarema 56:8

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Chronicles 32:1–35:19)

www.goodnewsdailydevotional.com



CHITATU, CHIVABVU 14

ITA SHOKO RAMWARI IRO CHIYERO CHAKO

VaRoma 1:17 (KJV)

“Nokuti mukati maro ndimo munoratidzwa kururama kwaMwari, kubva pakutenda, zvichienda pakutenda; sokunyorwa kwazvakaitwa kuti, Uyo akarurama achararama nokutenda.”

Ita Shoko raMwari rive chiyero muupenyu hwako, hauzombokundikani. Kunyange muvengi akakusundira pakamanikana, unotongowana nzira yokubuda nayo. Kururama kwaMwari kunoburitswa kubva pakutenda, zvichienda pakutenda, kureva kuti unofanirwa kukura mukutenda kuti usvike padanho repamusoro rekururama.

Rwiyo rweGoodNews World rwunotsinhira kuti tiri Shoko raMwari riri kufamba. Zvinoreva kuti kwese kwaunoenda, Shoko rinoverengwa kubudikidza newe. Unogona kunge uchiva munhu wekutanga kuti munhu asangane neShoko uchimuita agamuchire Jeso. Saka iva wakarungwa uye akagadzirira kushandura ndudzi pamwe neupenyu hwevazhinji panguva imweyo. Paunova wakarungwa zvakananyanya mushoko, kunzwa kwako kunokurawo uko kunova kunovaka kutenda kwako, uchizoita zvishamiso zvikuru kwazvo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hupenyu hwangu huri kushandurwa kubudikidza nezivo yaKristu, pandinodya Shoko. Kutenda kwangu kuri kukwira kumusoro mugore rino, uye ndichabvisa zvimhingamupinyi zviri nyore muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaRoma 10:17

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(2 Chronicles 35:20–36:23; Ezra 1–3)

www.goodnewsdailydevotional.com



CHINA, CHIVABVU 15

ROPAFADZO YA SHE

Zvirevo 10:22 (KJV)

“Ropafadzo yaShe inopfumisa, uye haawedzeri shungu nayo.”

Wakanzwa here? Ropafadzo yaShe inokuita mupfumi pasina chinguwi. Kana Mwari akuropafadza, unenge wakaropafadzwa pazvokwadi. Tarisa uone, iropafadzo imwechete yakatakura zvese zvaungada muupenyu. Inokusundidzira kuva mupfumi. Rudzi rwepfuma isina kushungurudzwa mundangariro, marwadzo, kana kushungurudzika. Ndiho hupenyu Mwari hwaanoda uve nahwo.

Anoti, “Usashandire kupfuma, rega kuchenjera kwako kwenyama” (Zvirevo 23:4). Tarisa paropafadzo. Semwana waMwari, hupenyu hwako hunofanira kuve hwekupfachukira. Saka zarurika pachokwadi ichi chokuziva uri ani uye zvakapiwa kwauri naMwari. Pfungwa dzako ngadzizendame nguva dzose paropafadzo watora mukana wezvivimbiso zvaMwari. Uri mupfumi munaKristu, uchitsvaga hupfumi hwako. Usabvuma muvengi akuzevezere zvimwe zvakasiyana neizvi munzeve dzako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ropafadzo yaShe inogara pamusoro pangu. Ndakanyanyopfuma zvokuti handishungurudzwi. Maziso angu avhurika, ndichiwana hupfumi hwangu munaKristu. Pfuma isina kushungurudzika muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mateu 6:33

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(Ezra 4–7)

www.goodnewsdailydevotional.com



CHISHANU, CHIVABVU 16

SIMBA KUBUDIKIDZIRA NEMUNAMATO

1 VaKorinte 14:4 (KJV)

“Unotaura nendimi asingazivikanwi, unozvivaka; asi unoporofita anovaka chechi.”

Kune simba rinoburitswa kubudikidza nemunamato. Muapostora Pauro akawana simba iri kudzamara azotenda Mwari kuti aitura nendimi kupfuura vamwe vese vaivapo. Aikohwa mibairo yemunamato.

Nhasi, ndinoda kuti unzwisise simba raunotakura kubudikidza nemunamato uye kuti urishandise papi kuti uone mhinduro yeminamato yako. Kana uchinamata nendimi, unozvivaka; sokugadzira magetsi pakomburesheni. Asi magetsi iwawo anofanirwa kumhanyiswa nemitsetse kuenda paanodiwa.

Nenzira iyi, simba raunogadzira rinofanira kupinzwa mune chaunotarisisira. Mufungo yako ngaitarisise pane chaunoda chega, unofanirwa kuchiona uye kuona chaitika mundangariro dzako. Pauenenge uchitaura, mashoko ako midziyo inotakura simba kuendesha kune chiya chaunoda chaurikunamatira. Ibva waramba uchinamata ipapo kusvika wanzwa kunyumwa kwekukunda!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri chigadziro chesimba, uye mazwi angu midziyo inotakura simba iro kuchinhu chaiva chakaoma. Chichapfugama, muzita raJesu! Mbiri kunaMwari.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Johane 6:63

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(Ezra 8–10; Nehemia 1)

www.goodnewsdailydevotional.com



MUGOVERA, CHIVABVU 17

TORA MASIMBA

1 Samuere 17:46 (KJV)

“Nhasi Ishe vachakukumikidza muruoko rwangu, ndichakurova, ndokutema musoro wako, ndobva ndapa zvitunha zveuto revaFristia nhasi kushiri dzedenga, nehondo dzesango, kuti nyika yose izive kuti kune Mwari mulsaeri.”

Dhiabhoru anotsungirira murwendo rwake rwekuperadza upenyu hwako. Anoramba achisundira kuti aone zvaangaparadza mubudiro yako, uye akangokunda mune imwe nzvimbo anobva aenda kunoparadza imwezve nzvimbo yeupenyu hwako uye anoramba achiita zvimwechetezvo kana iwe uchingomutendera badzi.

Goriyati akatuka mauto alsraeri zvekuti Sauro neuto rake vakatanga kutya zvekut vakatadza kurwisana naye, kusvikira mukomana mufudzi amira, akatora masimba. Sezvaunoona mugwaro iri, akatanga kutaura zvinesimba zvaazomuita, uye chikonzero. Panzvimbo pekugamuchira nekugwadamiswa nemarwadzo eupenyu, tora masimba saDhavhidhi uve iwe unobudisa dzinza rako rese kubva muutapwa.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotora zvakare utongo hwenzvimbo dzose dzange dzapindwa na dhiabhorosi muupenyu hwangu muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mako 4:39

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(Nehemiah 2–5)

www.goodnewsdailydevotional.com



SVONDO, CHIVABVU 18

ISA KUKOSHA PAMAZWI AKO

Zvirevo 18:21 (KJV)

“Rufu noupenyu zviri musimba rorurimi; vanoruda vachadya michero warwo.”

Mashoko anotakura simba rakakurisa, ose akanaka neakaipa, kusvikira pakuti Shoko rinoti upenyu nerufu zviri parurimi rwako. Ndokusaka zvichikosha kuisa kukosha kumazwi ako. Semunhu akazvarwa patsva muna Kristu, wave mambo nomupristi... kunyange “mwari”! Sekureva kweshoko raMwari kuti muri zvimwari (Pisarema 82:6; Johane 10:34).

Izvi zvinokuita unotyisa kudarika ani nani asingatendi, nekuti semambo, mazwi ako anesimba rekuita mutemo; semupristi, unotaura wakamirira mhuri yako, samwari. Mazwi ako ane simba rekusika kana kuparadza zvakaipisisa. Saka zvakakosha kuisa kukosha kumazwi ako, ugadzire nyika yaunoda, uchivaka neavo vakakukomberedza.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mazwi angu ane simba rakanyanya; ndinotaura hupfumi muupenyu hwangu, ndinotaura hutano, ndinobvisa mazwi akaipa ose akataurwa kundirwisa, muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

(Zvirevo 12:18; Jakobho 3:1–10)

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(Nehemiah 6:1–8:8)

www.goodnewsdailydevotional.com



MUVHURO, CHIVABVU 19

ITA ZVAKANAKA, USADZOKERA KUMASHURE

Zvirevo 3:27 (KJV)

“Usatsivira zvakanaka kune avo vakafanira, kana chiri muruoko rwako kuita zvakadaro.”

Semakristu, tinotevedzera muenzaniso wakakwana wakagadzwa nalshe Jesu. Kana tikatarisa mabatiro aazviita, tinowana kuti aibatwa netsitsi pakuita zvakanaka kune vamwe vanhu. Kunyange achiziva kuti zvinomukonzera kunetsana nevanomupikisa, aizviita zvakadaro.

Nhasi, paunofamba mumabasa ako, usarega kuva ropafadzo kunani nani waunosangana naye arikutodawo chinounza nyemwerero pameso ake, shoko rinodzora ndangariro, kana ruoko rwokubatsira, kana chipi zvacho chaangada. Gara une maitiro ekuva mudziyo unoshandiswa naMwari kubata upenyu hwevazhinji vanoda betsero. Enda mberi unotaridza rudo, ugoverane nhau dzakanaka nemumwe munhu nhasi aneshungu dzakanyanya dzekunzwa izvi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mugoveri wenhau dzanaka, muiti wemabasa akanaka wekuti Mwari vanotovimba naye kudana nekuti handidzokere shure. Muzita raJesu! Ameni.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaHebheru 13:2

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(Nehemiah 8:9–11:21)

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIPIRI, CHIVABVU 20

VIMBA NENZIRA YAKE, MIRIRA WAKASIMBA

1 Samuere 19:1 (KJV)

“Sauli akataura naJonatani mwanakomana wake, navaranda vake vese, kuti vauraye Dhavhidhi.”

Wakazvarwa patsva, wakazadzwa neMweya Mutsvene, wakazodzwa, pamwe wakatogamuchira izwi rechiporofita, asi zvichida zvinhu zvinoratidza kusafamba nenzira yawakatarisira. Pamusoro pazvo, zvinoita sekunge zvinhu zviru kutonyanya kutoipa!

Chinzwa, usati waita ukasha kana kuramwa, tarisa upenyu hwaDhavhidhi. Wakanga asarudzwa naMwari pachavo, akazodziwa nemafuta naSamuere, muprofitu mukuru wenguva iyoyo, asi ona kutiza kwaaita, neupenyu hwake semudzingwa, achirara mumapako, uye achinyepedzera kuita sebenzi kuedza kuzvivanza.

Saka unogona kunge uchisangana nekusagadzikana kwakanyanya, mari ichipera mwedzi usati wapera. Batirira waka mira uye ramba wakasimbirira. Tarisa zvazvakazova na Mambo Dhavhidhi, akaguma avakunzi munhu aripamoyo waMwari. Mugore rino, tenda kuti zvinofanira kushanduka kwauri, muzita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakagutsikana nenhau iyi yakanaka. Zvipi zvichauya, ndicharamba ndakabaturira kusvikira ndabudirira muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaRoma 8:28

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(Nehemiah 11:22–13:22)

www.goodnewsdailydevotional.com



CHITATU, CHIVABVU 21

HAPANA CHINGASHAIKA, HAPANA CHINGAPARARA

Johane 10:10 (KJV)

“Mbavha inouya kuzoba, kuuraya, uye kuparadza. Ndakauya kuti vave nehupenyu, uye hune kwazvo.”

Kubvira mukutadza kwaAdhamu, munhu akabva afa pamweya akazadzwa nematenda akasiyana siyana. Asi Ishe wedu Jesu Kristu akauya kutidzorera kubwinya kwekutanga neukama naMwari baba.

Sezvo wakamugamuchira Iye, wakabviswa muushe hwerima, ndokupinzwa muhumambo hwenyasha dzechiedza. Izwi rokuti “ruponeso” muchiGiriki rinonzi sozo, zvinoreva “hapana chisipo, uye hapana chakatyoka.” Saka ruponeso rwawakagamuchira runoreva kuti hapana chingashaika, uye hapana chakatyoka muupenyu hwako.

Kune ruponeso rwomweya, rwawakagamuchira rweupenyu husingaperi. Panezve ruponeso rwoutano hwako, hupfumi hwako, uye zvese zveupenyu hwako, zvaunofanira kuzowana nekugoverwa kuti ugokwanisa kufamba mukupfachukira sekurairwa kwazvakaitwa naiye Kristu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndichachera zvose kubva kumatsime eruponeso, ruponeso rweutano, rweukama hwangu navanhu, rwepfuma munaJesu! Amenii.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Isaya 12:2–3

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(Nehemiah 13:23–31; Ester 1–4)

www.goodnewsdailydevotional.com



CHINA, CHIVABVU 22

PFEKA NGUO DZOSE DZOKURWA

VaEfeso 6:11 (KJV)

“Pfekai nhizhadzo yose yaMwari kuti mugone kumira pamano adhiabhoi.”

Tinezivo yakakwana maererano nemano mano adhiabhoi, tinoziva kuti anogara achishandisa mhizha neunyanzvi hwakasiyana-siyana, achiedza kutibata naapo patinenge tisina ruzivo.

Bhaibheri rinotisuma kuti “pfekai nhumbi dzokurwa nadzo,” kwete chikamu badzi asi dzose dzakakwana. Zvakakosha kuzvisimbisa neShoko raMwari nokuti mariri ndimo mune kuzvidzivirira uye kurwisa! Ukasapfeka nguo dzokurwisa dzakakwana, panenge pakashama pacho panenge paripachena kuti dhiabhoi arwise ipapo sekurwiswa kwakaitwa Evha.

Gara uchitora nguva yekufunda Shoko, uchinamata zvakare nekuti kana uine Shoko chete, unogona kuputika, kana une Mweya chete, unogona kuoma, asi kana uine Shoko neMweya, unokura, uchigona kumira pamano adhiabhoi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinozvifukidza neshoko raMwari. Dhiabhoi haana mukana pandiri, muzita raJesu! Amenii.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

2 VaKorinte 2:11

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(Ester 5–10)

www.goodnewsdailydevotional.com



CHISHANU, CHIVABVU 23

TARISA KWAARI

Mateu 14:29 (KJV)

“Iye akati, ‘Uya.’ Petro, aburuka mugwa, akafamba pamusoro pemvura achienda kunaJesu.”

Muapostora Petro anonyatsogona kuburitsa pachena zvinosangana nevanhu vazhinji muupenyu. Kuona Ishe Jesu vachifamba pamusoro pemvura, nokuzvipira kufambawo navo ipapo, kukoka kutenda kwese kubuda muchikepe nekufambawo pamusoro pemvura.

Kangani pawaka mutsiridzwa neShoko patinenge tichishumira, isu sevashumiri veshoko raMwari, tichiripatsanura zvekuti unonzwa kusimbiswa kuda kutobuda ubve wanoita zvinhu zvarareva? Dzimwe nhambo wakabva watopa chipo chako ipapo. Muvhuro uchingosvika unobva watanga kuisa hurongwa hwako panzvimbo, asi Chipiri, kamhepo kadiki kachingovhuvhuta kukurwisa, unobva watomira urongwa hwese. Zvose zvawakagamuchira zvikatungidza moto mauri zvinoerekana zvanyangarika. Unobva watanga kutochema nekunyunyuta kuti sei zvichigara zvichiitika kwauri nguva dzose.

Nhasi, zvisimbise uchisimuka. Isa meso ako pamubairo, uchiziva kuti chaunotarisisa uchida, ndiko unozoguma wazosvika. Furatira ruzha rwakakukomberedza woramba urimugwara wakazvipira pachinangwa muzita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kufunga nenzira yakanyatsojeka pahwaro. Hapana zvipingaidzo zvinondiita ndirege kutarisa, muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaFiripi 3:14

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(Job 1:1–5:16)

www.goodnewsdailydevotional.com



MUGOVERA, CHIVABVU 24

ZVIRATIDZO ZVOMWEYA

VaRoma 8:14 (KJV)

“Nokuti avo vose vanotungamirirwa neMweya waMwari ndivo vanakomana vaMwari.”

Unozviziva here kuti uri mutapuriri nemugamuchiri wemasaisai (signals)? Wakamboedza kuvhura mota yako ne rhimoti asi zvikaramba nekuda kwekuti waiva kure kusingasvike masaisai? Edza kuinangisa remote yacho mumusoro wako, uchidzvanya, uchaona mota ichivhurika nokuti unenge wakusimbisa masaisai neari muuruzvi hwako “brainwaves”!

Muna 1 Makoronike 21:1, Satani akasimuka kuti arwisane nalsraeri, akahunza pfungwa dzekuverenga vanhu kunaDhvhidhi. Aya aiva masaisai akaonekwa naDhvhidhi kubva kunaSatani. Ndicho chikonzero zvakakosha kugara wakanyura muShoko uye mukuwadzana naMweya Mutsvene, kuti uve wakangwarira kune masaisai aunopihwa. Jesu akati, “mapoka angu anonzwa inzwi rangu,” vanonzwa masaisai angu. Zvino Bhaibheri rinonyorerawo kuti avo vanotungamirirwa neMweya ndivo vanakomana vaMwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Antenna yangu yemweya yakusimudzwa, yakasvinura kune Mweya waMwari. Zuva nezuva ndinorodza kunzwa kwangu kuburikidza neShoko raMwari muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Johane 10:27–28

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(Job 5:17–8:22)

www.goodnewsdailydevotional.com



SVONDO, CHIVABVU 25

MANGWANA NENGUVA DZINO

2 Madzimambo 7:1 (KJV)

“Ipapo Erisha akati: ‘Inzwai shoko raShe. Zvanzi naShe: Mangwana panguva yakadai, mudhari weupfu hwakanaka uchatengeswa neshekeri, nemadhari maviri ebhari neshekeri, pagedhi reSamaria.”

Munguva yainge isina tariro munhorondo yevalsraeri, iyo matoto eshiri aidiyiwa sekudya kwemangwanani, uye vana amai vaidya vana vavo sekudya kwemanheru, apo uto guru reSiriya rakanga rakapamba guta. Muporofita waMwari akabuda, ndokuzivisa hupfumi hwebudiriro, kwete gore rinouya, asi mangwana chaiwo!

Izvi zvainge zvisingabviri kumunhu wenyama, asi Muporofita aitura pakunzwisisa kwepamweya! Tinonamata Mwari aneunyanzvi pazvinhu zvinenge zvichiita kunge hazvigoneki zvachose. Mwari haana kutisiya tisina moporofita mukuru wenguva yedu. Uya nechaungafunga chakaipisisa muupenyu hwako unzwe kutaura kweshoko ralshe, uchaona shanduko pakarepo muupenyu hwako!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mangwana nenguva dzino, ndinenge ndichifamba ndasunungurwa pane chero chisungo chekushaiwa, zvirwere, kana kumanikidzika. Ndinobhururuka segundo mukati mematambudziko muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Johane 6:21

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(Job 9:1–12:12)

www.goodnewsdailydevotional.com



MUVHURO, CHIVABVU 26

VARINDIRI VOMUMWEYA

Mabasa 9:3–4 (KJV)

“Zvino paakanga ari munzira, akaswedera Dhamasiko; pakarepo kwakapenya chiedza chakabva kudenga kumupoteredza. Akawira pasi, akanzwa inzwi richimuti: Sauro, Sauro, unondishurirei?”

Muapostora Pauro, aimbodaizwa kuti Sauro, aiva munzira kuenda Dhamasiko kunotambudza vaKristu, akarohwa nemheni ndokuita kusangana nalshe Jesu, izvo zvakaita kuti aite bofu. Chitarisa matumirwo akaitwa Ananiasi, mudzidzi walshe, akarairwa kunoisa ruoko rwake pamusoro paPauro kuitira meso ake avhurwe. Izvi zvakaitika asangana nalshe pachake, asi zvakare Mwari vakaramba vachingoda munhu arimuguta kuti aise ruoko pamusoro pake kuti kudzikinurwa kuvapo.

Mugore rino, simuka umire pazvakaoma uve iwe uchashandiswa naMwari kudzikinura mhuri yako yese kubva murima. Iva iwe uchamira pamukaha wakavamiririra. Iva iwe wekuti Mwari vanoti havaite chinhu vasina kutanga vataura newe.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri murindi wemweya mumhuri mangu. Ndakasvinura pakutungamirwa neMweya pamusoro pezwiitiko zvese zvandinofanirwa kunamatira muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaRoma 8:14

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(Job 12:13–16:10)

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIPIRI, CHIVABVU 27

VANAKOMANA VA MWARI

1 Johane 3:2 (KJV)

“Vadikanwi, zvino tiri vana vaMwari, uye hazvisati zvichioneka zvatingave; asi tinoziva kuti, kana achizviratidza, tichafanana naye, nekuti tichaMuona sezvaari.”

Hazvishamise here? Bhaibheri rinoshandisa mazwi anojekesa, kuita zvinyatsobatika. Tarisa majekesero anoita rugwaro urwu kuti tiri vana vaMwari. Zvakabudiswa pachena serumutsiridzo kutizivisa kuti tizvionere nekuzvirarama kuti tiri vana vaMwari.

Rumutsiridzo rwakakoshesa nekuti pane simba ringamuchirwa pachokwadi ichi. Tinozviita maKristu zvinova zvinongoreva badzi vateveri vaKristu,” zita rakapiwa kwatiri nevasingatendi! Zvizive pachokwadi rudzi rwedu isu tiri vana vaMwari. Mufambiro wedu, mamiriro edu, nemafungiro edu, zvaizova zvakasiyana kana taigona kutora rudzi rwedu chairwo. Kunyangwe kupokana kwedu nezvimwe zvitendero kwaitiisa pachidanho chepamusoro chaizvo kudarika vamwe vese.

Nhasi, zarurika pachokwadi ichi kuti uri mwanakomana waMwari, kwete mwana badzi, asi mwanakomana, wotanga kufamba nesimba iri.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mwanakomana waMwari izvozwi, ndinozaruka pachokwadi ichi nesimba muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Pisarema 8:5; Pisarema 82:6

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(Job 16:11–20:11)

www.goodnewsdailydevotional.com



CHITATU, CHIVABVU 28

KUSUNUNGUKA MUNA KRISTU

VaRoma 8:1 (KJV)

“Naizvozvo, hapana kutongwa kune avo vari munaKristu Jesu, vasingafambi maererano nenyama, asi maererano neMweya.”

Naizvozvo, hapasisina kupiwa mhosva kune avo vari munaKristu Jesu! Izvi zvinokodzera upemberere! Ona, Jesu Kristu paakakufira paMuchinjikwa, akaripa zvivi zvese, zvekare, zvanhasi nezvamangwana, zvakatoripwa ipapo zvikapedzwa zvachose ipapo.

Mwari haana dambudziko rezvivi newe; kungoti iwe unorarama mundangariro yezvivi zvinova zvinokuisa muutapwa. Basa radiabhori nderekugara achikurangaridza mhosva dzako, kukusundira kuzvipa mhosva nekufunga zvisizvo kuti Mwari aka kutsamwira iwe, iye akatsamwira maitiro ako.

Nhasi, zaruka pachokwadi kuti hapana kupiwa mhosva kwauri uri munaKristu, uchifamba muMweya. Ndokusaka zvakakosha kugara uri muShoko, uchifukidza nzeve dzako kubva kuzevezero dzadhiabhori.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri akaruramiswa naMwari. Ndangariro dzangu dzakazendama paropafadzo yaMwari uye handifunganye nezvekupiwa mhosva muzita raJesu! Amenii.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaHebheru 4:17

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(Job 20:12–24:12)

www.goodnewsdailydevotional.com



CHINA, CHIVABVU 29

KURARAMA SAMWARI

Genesisi 1:26 (KJV)

“Mwari akati, ‘Ngatiitei munhu nomufananidzo wedu, nomufananidzo wedu...”

Pakusikwa kwemunhu, Mwari akaita kuti afanane (image) uye arame (likeness) saMwari. Saka paakasika Adhamu, akaita kuti afanane naMwari, futi arame saMwari. Izvi tinozviona pakanyorwa kuti Mwari akasika mhuka kubva muvhu, akauya nazvo kunaAdhamu kuti adzipe mazita, dzikawana hupenyu ipapo!

Simba rekusika iroro rinogara mukati mako nhasi sezvawakaberekwa patsva neMweya Mutsvene. Ndokusaka Bhaibheri richiti, “muri vamwari!” (Pisarema 82:6; Johane 10:34). Une unyanzvi hwekusika, hwekutorawo chishuvo chako kuti chive chinorarama maererano nokukura kwekutenda kwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakasikwa kuti ndirame saMwari, ndakaitwa nomufananidzo wake, nemaramiro ake, uye ndine simba rekusika riri kurarama mandiri. Sezvakaita Adhamu akaisa upenyu pamhuka, ini ndinotaura upenyu kubudikidza nesimba reMweya. Nekutenda ndinounza zvisingaoneki kuti zvionekwe. Ndinotaura nekuraira kuti hapana chandisingasvikire mugore rino. Ndinosisimuka pakutenda, ndogadzira nyika yangu nhasi! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaHebheru 4:17

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(Job 24:13–29:13)

www.goodnewsdailydevotional.com



CHISHANU, CHIVABVU 30

ANGARARAMA HERE MAPFUPA AYA?

Ezekieri 37:3 (KJV)

“Iye akati kwandiri, ‘Mwanakomana womunhu, mibvunzo iyi inorarama here?’ Ndikapindura, ‘Ishe Jehovha, imwi munoziva.”

Muna Ezekieri 37, muporofita anoiswa pamupata wakazara mapfupa akaoma, zvichiratidza kushaikwa kwetariro uye kusavapo kweupenyu. Mwari anobvunza mubvunzo wakakosha, “Mapfupa awa angararama here?” Ezekieri anopindura nehungwaru, “Imi Mwari ndimi munoziva.” Ipapo Mwari anomuraira kuti aporofite kumapfupa, uye paanotaura, chishamiso chinoitika. Mapfupa anoubwa, nyama inomavhara, uye mweya waMwari unomafemera, ova hondo huru.

Mugore rino, hapana mamiriro ezvinhu aenderera zvekuti Mwari havangamashandure. Zvinhu zvinotaridza kusava neupenyu, hungava hutano, pfuma, hukama, kana zviroti, zvose zvinodzoreredzwa neShoko raMwari uye mweya wake waanofemera. Paunofambirana nemagwaro ake, uchitaura upenyu mumamiriro ezvinhu zvako, zvishamiso zvinotanga kufamba.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotaura nekuraira, hapana mamiriro ezvinhu muupenyu hwangu anopfuura masimba aMwari. Ndinoporofita upenyu mune zvese zvakaoma uye zvisina upenyu. Nekutenda, ndinoona kudzoreredzwa, kuporeswa, nekupfachukira kuchiuya kwandiri. Mweya waMwari unondzadzwa, uchimutsa zviroti zvangu, uchindipa simba, uchishandura upenyu hwangu. Ndinosisimuka mugore rino, humbowo hwekushamisa kwesimba raMwari hwunorarama. Mapfupa awa akaoma anorarama, muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Ezekieri 37:10

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(Job 29:14–32:10)

www.goodnewsdailydevotional.com



MUGOVERA, CHIVABVU 31

RUMBIDZA ISHE

Pisarema 103:2 (KJV)

“Rumbidza Ishe, mweya wangu, uye usarega kukanganwa mabasa ake akanaka.”

Sezvo tichipedza umwe mwedzi, tsvaga nguva yekurumbidza Ishe nazvosezviri mauri. Tarisawo zvinobatika zvaakakuitira womurumbidzawo nezvinoverengeka zvaunoziva naizvo zvisingaverengeke zvakakura kudarika zvirimupfungwa dzako.

Kana Bhaibheri richiti Mwari haasi wakaipa kuti akanganwe basa rako norudo rwako (VaHebheru 6:10), zvinoreva kuti zvinotiitawo vakaipa kukanganwa zvaanotiitira. Zvione kuti unonzwawo sei woitira vamwe zvakanaka asi votadza kuzvikoshesa, zvekuti haagone kana kutenda chaiko pakushingaira kwako.

Saka nhasi, ipa kutenda kunaIshe. Farira zvaanoramba achiita muupenyu hwako. Pakuita izvozvo, unomushevedzera kuti aite zvinopfuura zvawakaona, zvokuti anogona kuita zvimwe zvakare.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kurumbidza nazvose zviri mandiri. Ndirorama ndiine ndangariro yezvinhu zvaakandiitira uye zvaanoramba achiita muupenyu hwangu nemhuri yangu muzita raJesu! Ameni.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Pisarema 100:1–5

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

(Job 32:11–35:16)

www.goodnewsdailydevotional.com



SVONDO, CHIKUMI 1

SIMBISWA MUSHOKO]

2 Petro 1:12 (KJV)

“Naizvozvo handizoregi kukuyeuchidzai pamusoro pezvinhu izwi nguva dzose, kunyange muchizviziva, mukasimbiswa muchokwadi chiri chazvino.”

Mwari anokuziva kupfuura zvaunozviziva. Ndiye Musiki wako, uye anoziva zvawakagadzirwa nazvo. Paunonzwa Mwari achitaura newe, anoda kuti Mwari ari mukati mako apindure nemweya wekutenda. Mwari anoita zvose maererano nezano rake. Ndiye Shoko (Johani 1:1), saka anotaura achibva pashoko rake, kuda kuti Mwari ari mukati mako apindure nemweya wekutenda. Mwari mauri anofanira kugamuchira shoko rourporofita rinotaurwa pamusoro pako rakasanganiswa nokutenda, uye migumisiro yacho ichava isingarambiki.

Mwari anogara achitaura chokwadi chazvino kumweya wako. Gore rino, tendera Mwari ari mukati mako kuti apindure kushoko rake pasina kupokana. Usabvumira dhiabhoi kuti abvute izwi raMwari. Mwari akataura kuti ane nzira dzinosvika bhiriyo dzekukuunzira bhiriyo yemadhora. Gamuchira, uye zviokwazvo uchafamba mariri muzita raJesu! Amenii.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinomutswa nenzwi raMwari ndichitaura naMwari ari mukati mangu. Ndinotora Shoko raMwari sechiedza. Handigoni kukundikana; ndinokunda kupfurikidza naKristu. Rumbidzai Ishe! Amenii..

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 Johane 2:21

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Jobho 36:1–39:12

www.goodnewsdailydevotional.com



MUVHURO, CHIKUMI 2

RATIDZA CHIEDZA CHAKO

Zvirevo 3:15 (AMP)

“Anokosha kupfuura mabwe anokosha; hapana chaungade kumufana nidza naye[nekukosha kwake].”

Goridhe, ndicho chicherwa chikuru pane rino pasi, ana muzvina fundo vanoti rakauya pakafamba nheyo dzenyika ino. Nheyo dzakawandirwa nemoto muzhinji dzikabuditsa chicherwa chinonzi goridhe. Saka goridhe rakabuda munheyo.

Hechino chinhu chinoshamisa: vanhu vane goridhe mavari. Kutaura idi, chinhu chese chiri panyika chinowanikwa mukuumbwa kwevanhu. Iwe unogona kunge usina kuzviziva, asi iwe unotakura goridhe-kunyange zvazvo riri shoma. Chokwadi chokuti iwe uri mugadzirwa wezvicherwa uye zvinhu zvinoratidza kuti pane chimwe chinhu chinokosha mukati mako, chakamirira kubuda. Mwari anokuona seunokosha zvokuti Akaisa pfuma Yake hurusa—Mweya Mutsvene—mukati mako, mudziyo wevhu uyu.

Mweya Mutsvene ari mukati mako anokosha kupfuura goridhe rose. Famba uchiziva kuti Mwari anogara mukati mako, nekuti wakakosha kwaari. Iwe wakazara pfuma yemweya, inopenya kupfuura nyeredzi. Kana uchinatswa neShoko raMwari, unopenya kupfuura nyeredzi dzedenga. Uri chiedza chinounza kubwinya munyika ine rima.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotevera nzira yechiedza. Ndicharamba ndichipenya kwese kwandinoenda, uye Shoko raMwari ndiro rinonditungamira, muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaRoma 8:18

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Jobho 39:13–42:9

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIPIRI, CHIKUMI 3

NANGA ZVAWAKANANGA

Mako 11:23 (KJV)

“zvirokwazvo, ani naani anoti kugomo iri, ‘Bviswa, ukandwe mugungwa,’ uye asina kupokana mumwoyo make, asi achitenda kuti zvakataurwa zvichaitika, uchava nazvo.”

Nyatsotarira mashoko aJesu. Makristu anongoperera pekuti chero zvazvaita asingatariri pari kunzi “Gomo Iri” Kana uchinamata nanga chinhu chauri kuda ndizvo zvinounza mhinduro,

Nderipi gomo raunoda kuona richishanduka muupenyu hwako. Ichocho chaunoda kuti chishanduke ramba uchichi gombedzera mumunamato

Nhasi, panogona kunge pane zvinhu zvakasiyana-siyana zvaunoda, asi rugwaro runoti usawanza zvinhu mundangariro dzako. Namata uine tarisiro yekuti pane chinhu chichaitika, nekuda kwaBaba vokudenga!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoziva Mwari anopindura minamato. Chinhu chimwe chandiri kuda nhasi ndiri kuchisvitsa kuna Mwari, uye ndinoziva anonzwa. Nekudaro, ndinoziva kuti ndapindurwa muzita raJesu. Amenii.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mateu 21:21

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Jobho 42:10–17; Pisarema 1:1–5:7

www.goodnewsdailydevotional.com



CHITATU, CHIKUMI 4

NEI TICHINAMATA

1 VaTesaronika 5:17 (NLT)
“Regai kumira kunamata.”

Zvakakosha kunzwisisa kuti nei muKristu achinamata. Munamato unofanira kuitwa munhu achinzwisisa zvaari kuita, kunyanya kana uchinamata nechinangwa chimwechete. Tinoziva Mwari ari kwese. Saka tinonamatire iye ari kwese?

VaEfeso 4:10 inoratidza kuti Jesu paakamuka kuvakafa, akakwira pamusoro pematenga ese kuti azadze zvinhu zvose. Izvi zvinoratidza huvepo hwaMwari kwese kwese. Zvisinei, munamato hausi wekungeziva kuti Mwari aripo, asi kumupa mvumo yekushanda muopenyu hwedu.

Munhu anonyengetera munhu weshanduko. Bhaibheri rinoti tiri vakundi nekupfuurisa, kubudikidza naKristu. Izvi zvinoreva kuti tinofanirwa kupfuura kungova “mauto emunamato” asi kuziva kuti chinangwa chemunamato kupa Mwari mvumo kupindira mumamiriro ezvinhu zvoupenyu hwako.

Kana uchinamata, uri kupa Mwari mvumo yekupindira nyaya dzako. Munguva dzeushamwari hwakaputsika, wanano isiri kushanda, kana nguva yokushaya mbereko usaneta. Usarasa Tariro. Namata zvine simba uye uchitenda. Uchaona Mwari achiita zvinoshamisa mugore rino!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndicharamba ndichinamata ndichiziva kuti mhinduro dzangu dziri kuuya. Handineti; handizoregi, nekuti ndinoziva Mwari wangu anopindura munamato nenzira inokatyamadza! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaEfeso 6:18

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 5:8–8:9

www.goodnewsdailydevotional.com



CHINA, CHIKUMI 5

MAITIRO EMUNAMATO

Isaya 65:24 (KJV)

“Zvino zvichaitika kuti vasati vadana, ndichapindura; uye vachiri kutaura, ndichanzwa.”

Rugwaro rwezuva ranhasi runotiratidza kuti, tisati tanyengetera, Mwari anga atopindura. Tichiri kutaura, iye ari kushanda. Mwari anoziva zvaunoda usati wamuudza. Anoziva kuti unoda mari yechikoro, anenge achiona muchato wako usati waunza chikumbiro chemuchato. Mwari anoziva kuti wakasuruvara nekuda kwedenda reBP uye reshuga. Asi zvakadaro, anoti “Namata!”

VaKristu vazhinji vanonetsekana nemunamato, asi kubvira pakutanga, Mwari akati, “Ngavave nehushu” (Genesisi 1:26), akapa munhu simba rekutonga. Saka Mwari kuti aite chinhu panyika, unofanirwa kumupa mvumo kubudikidza nemunamato. Kana ukarega kunamata, unenge wabvisa mvumo iyoyo. Zvino wakunzwisisa kukosha kwekuti urambe uchinamata. Minamato inoburitsa simba raMwari muupenyu hwako!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hapana uye hapana chinondimisa kubva pakunamata. Ndiri kupa Mwari mvumo yekusangana nematambudziko angu nokundisunungura. Minamato yangu inotakura masimba okudenga, uye ndichaona kubudirira muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Pisarema 91:15

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 9–10

www.goodnewsdailydevotional.com



CHISHANU, CHIKUMI 6

SIMBA RESHOKO RAMWARI

Pisarema 138:2 (KJV)

“Ndichakotamira pasi ndakatarisa kutemberi yenyu tsvene , uye ndicharumbiza zita renyu nokuda kworudo rwenyu nokutenda kwenyu, nokuti makakudza zita renyu pamusoro pezvinhu zvose.

Simba raMwari rinogumira mukati meshoko rake. Izvi zvinoreva kuti Mwari haashande nezviri mushoko rake. Muganhu wekupindira kwaMwari muupenyu hwako—munyaya dzebhezinesi, mhuri, mari, kana hutano—zvinoita kuburikidza neshandisiro aunoita shoko rake. Zvinokosha kunzwisisa kuti Mwari anotaura kuti shoko rinobuda mumuromo make haridzoke kwaari risina kuita zvaari tuma.

Kangani kaunotaura shoko raMwari pamusoro poupenyu hwako? Bhaibheri rinoti, “Ndinoda pamusoro pezvinhu zvose kuti upfume uye uve neutano hwakanaka, (3 Johane 2). Batisisa chipikirwa chose chaunowana muShoko raMwari, uchichitaura pamusoro pevana vako, hutano hwako, uye bhizinesi rako. Mwari anokuda kuti ufambe muhutano hwakakwana. Kana hutano hwako huri kurwadza, taura shoko raMwari, uone hutano hwako huchidzoka! Haleluya!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakamira pachiremera cheshoko raMwari. Ndinozivisa kuti mhuri yangu inorarama muhutano hwakanaka, bhizinesi rangu riri kubudirira, uye ndichagamuchira nhau dzakanaka mazuva ose ehupenyu hwangu, muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 Madzimambo 8:29

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 11:1–17:5

www.goodnewsdailydevotional.com



MUGOVERA, CHIKUMI 7

PARADZANA NA AZAZERI

Revhitiko 16:8 (ESV)

“Ipapo Aroni achakanda mijenya pamusoro pembudzi mbiri, rimwe raShe, uye rimwe raAzazeri.”

Mundima yanhasi, tinoona mbudzi mbiri dzinounzwa: imwe inopiwa Mwari sechibayiro, imwe ichitumirwa kuna “Azazeri.” yakanga isiri yechibairo—yaishandiswa kutakura zvivi zvevanhu ichingofambiswa, ichiratidza kutumira zvivi zvevanhu kuna Azazeri, dhimoni rinotonga renje, uye rinonzi rinokonzeresa matambudziko ose panyika.

Iyo mbudzi inotumirwa renje kuna Azazeri inonzi “mbudzi yekurasirwa,” kureva kuti yakatora zvivi zvevanhu. Jesu Kristu ndiye mbudzi yedu yepamusoro, akarovererwa pamuchinjikwa, akatakura zvivi zvedu. Paunogamuchira Jesu salshe noMuponesi, zvivi zvako zvaregererwa. Rarama muruponeso rwaKristu uro rakaku sunungura

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mwana waMwari; handina kubatana nemuvengi kana vatumwa vake. Ndiri kufamba muupenyu hwekusununguka, ndiri pamusoro pechirwere, ndinorarama muhutano hwakakwana muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Revhitiko 16:10

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 17:6–18:36

www.goodnewsdailydevotional.com



SVONDO, CHIKUMI 8

MWARI ANOZVIKUMBIRA CHIBAYIRO

Hagai 2:8 (KJV)

“Sirivha ndeyangu, negoridhe ndeyangu, ndizvo zvinotaura Jehovha wehondo.”

Chikanganiso chakakura chinoitwa nevamwe vaKristu, kufunga kuti kana Mwari achitaura nezvechibayiro kana mbeu, ari kutaurira kushaiya kwedu sevanhu. Anenge achitaura kuna Mwari ari mukati mako. Iwe uri chiteshi chekutaura, apa Mwari achataurira Mwari ari mukati mako. Dambudziko rinouya kana iwe uchipindura uchibva pakusuwa panzvimbo pekutendera Mwari ari mukati mako kupindura.

Mwari anoziva kuti unaye mukati mako, une kubwinya kwebvumirano yake, uye anokwanisa kubudisa chibayiro chaari kukumbira. Asi kana uchipindura nemaonero okushaiwa, unodzivisa Mwari kuti awedzere mbeu yako. Mwari anoziva kuti uri mupfumi. Ndiwo unhu hwako munaKristu, saka ita zvakanaka. Kana akataura, tendera Mwari ari mukati mako kupindura, uone kupfuma kuchiratidzwa.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakatakura ropa raMwari; ndine nhaka yakapfuma. Ndiri zvandakataurwa naMwari. Ndinoramba kuti murombo mazuva ose eupenyu hwangu muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 Makoronike 29:16

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 18:37–21:13

www.goodnewsdailydevotional.com



MUVHURO, CHIKUMI 9

IWE NEMBEU YAKO

VaFiriipi 4:16 (KJV)

“Nokuti kunyange muTesaronika, makanditumira rubatsirozve uye mukapamha pandainge ndiri kushaiwa.”

Ndinonyatsogutsikanakutinyayayembeunechipiriso inowanzonzwisiswa zvisizvo muMuviri waKristu. Kunogona kuva kwakaoma kukurudzira maKristu mazhinjisa kupa norupo kutsigira zvirongwa zvoushumiri, uye kuparidza evhangeri. Kupa uye kudyara mbeu ihondo huru dzevaKristuwo zvavo—kwete nekuda kwekushaikwa kwemari, asi nekuda kwekushaya kunzwisisa uye pfungwa dzinoganhurira

Nzwisisa kuti mbeu yako inomiririra mari yaunoburitsa nhasi kugadzira ramangwana raunoda. Kupa kwako ibasa rokutenda munaMwari. Paunopa, wosanganisa minamoto yako, unouya pachikamu chepfuma yakabudirira. Unozoona upenyu husisina kushomeka, uye usingachade rubatsiro kubva kunze.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri imba yekuchengetera mbeu. Handichengeti mari panguva yekupa, nekuti ndiri mupi anofara, muzita raJesu! Amenii.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Tito 3:14

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 22:1–24:6

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIPIRI, CHIKUMI 10

WANA UCHENJERI

Zvirevo 4:7 (KJV)

“Uchenjeri ndicho chinhu chikuru; naizvozvo, uwane uchenjeri. Uye mune zvose zvaowane, uwane kunzwisisa.”

Rugwaro rwezuvavanhasi runoti uchenjeri ndicho chikuru, uye pane zvose zvaunowana, uwane kunzwisisa. Vamwe vanhu vanogara vachitsvaga, nzira yekuti vawamwe uchenjeri, asi Shoko raMwari rinotaura kuti Kristu ndiye uchenjeri hwedu. Kana uchinge uinaye Kristu, wave neuchenjeri. Cherechedza kuti kuuya kwaKristu panyika kwakasimbiswa nyasha dzekupa: “Nokuti Mwari wakada nyika zvakadaro, zvokuti wakapa...” (Johani 3:16).

Saka, uchenjeri hunouya nekupa, kupa kunosanganisira kudyara mbeu. Paunoburitsa mbeu, nyasha dzinovhurika pane bhizinesi rako, mhuri yako, nemari yako. Izvi zvinowedzera mikana yako yekubudirira. Wakuzvinzwisisa here? Paunodyara mbeu nzwisisa kuti nyasha dzaMwari dzichawedzera mikana yekuwedzera kufara kwako uye budiro.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mupi ane simba; mbeu yangu ichataura pamusoro pangu munguva yekunyarara kwezvinhu zvose. Handifanirwe kukundikana; nokuti nyaya yangu yakasiyana neye vamwe. Ndicharamba ndichikwira, uye ndichikurawo! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Pisarema 49:16

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 24:7–27:6

www.goodnewsdailydevotional.com



CHITATU, CHIKUMI 11

IVA CHIKAMU CHECHINHU CHIKURU

Ruka 5:7 (NIV)

“Saka vakadana vamwe vavo mugwa rimwe kuti vazovabatsira, uye vakauya, zvikepe zvose zvikazara zvekuti zvakatanga kunyura.”

Rugwaro rwanhasi ndiwo muenzaniso wekubatana chaiko. Tarira, mashoko akabva kuna Jesu kuna Petro, uye Petro akateerera, akaita zvaakanzi aite, ndokugona kubata hove zhinji. Ipapo shamwari dza Petro dzakabatsirawo, uye zvikepe zvavo zvikafashukira. Kunyange vamwe vasinganzwe Jesu zvakanaka, asi vakagoverana pakubudirira.

Mubasa raShe, pakunzwa inzwi raMwari kana kugamuchira chiratidzo, hazvina basa kuti wakanga uripo kubva pakutanga kana kuti kwete. Chinhu chakakosha kungobatanidza ruoko rwako kana waona Mwari achishanda. Kana asina kutaura, haugone kuona migumo.

Paunonyatsoona mapofu achiona, mbeveve dzichinzwa, HIV ichibva, fibroids dzichinyangarika, kusabereka kuchipera, ziva kuti inguva yekupinda mukubatana. Kubatana kwako kunokuita chikamu chezvinhu zvikuru zvaMwari mugore rino. Hareruya!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Chiratidzo chaMwari ndicho chiratidzo changu; zano raMwari ndirori rangu. Ndichabatana naMwari kuitira mabasa makuru. Ndiri kufara kuti ndapinzwa muchirongwa chaMwari chekuzadzisa zvinangwa zvangu, muzita raJesusu. Amen!

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mako 4:36

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 27:7–31:5

www.goodnewsdailydevotional.com



CHINA, CHIKUMI 12

DZIDZA KUTONGA MARI

Mateu 6:24 (NLT)

“Hapana anogona kushandira vatenzi vaviri. Nokuti uchavenga mumwe, uchida mumwe, kana kuramba mumwe. Hamugone kushandira Mwari uye kusungwa nemari.”

Nyaya yemari yakaoma zvikuru uye inonzwisa tsitsi kune vakawanda muMuviri waKristu. Vakawanda vangakaradza kuti kududzwa kwemari hakufaniri kunyange kunzwiwa kana kuti kutaurwa nenzira inooneka. Vamwe vanofunga kuti paunotaura nezvemari, uri kuparidza shoko rebudiro; Kwete, tiri vaKristu chete vari kubudirira. Tiri kurarama zvakarurwa zviporofita, apokalypsis, kureva kubviswa kwezviyero mumaziso kuti tizive chokwadi chenyasha dzaMwari.

Zvirokwasvo, dambudziko guru kutya mari. Haukwanise kuburitsa kupfuura zvaunoty. Usatya mari! Pane mweya shure kwemari, asi ukakunda kutya, unowana simba pamusoro payo. Kwemimwe mwedzi inotevera gore rino, mari ichava pasi pesimba rako!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndine simba pamusoro pemari, kutya mari kwave kure neni. Ndicharama upenyu hwekubudirira uye hutano hwakanaka, sezvakarehwa neshoko raMwari. Ndichakweretesa, kwete kukwereta, muzita raJesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Ruka 16:11

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 31:6–33:5

www.goodnewsdailydevotional.com



CHISHANU, CHIKUMI 13

ONA NEMAZISO EMWEYA

Jobho 22:24 (KJV)

“Ipapo uchaisa goridhe senzvimbo yevhu, negoridhe reOfiri semabwe emupata.”

Pane imwe nguva munhorondo yelsraeri, panguva yaGidheoni, Ishe vakazviratidza kwaari. Mutumwa waShe akamupa ushingi, achimuti “murwi ane simba,” asi Gidheoni akati ndiri mudiki, ndinobva kumhuri isina zita guru. Asi Mwari akange asingatarise nhaka yake yepanyika; aitarisa pachokwadi chemweya.

Ziva kuti nyika yemweya inotsanangura kuti uri ani chaizvo, kwete zvaunoono panyama. Kana Mwari achiti wakapfuma, gamuchira, tenda, tanga kutaura izvozvo! Rega kutarisa mamiriro ezvinhu, asi tarisa neziso romweya, kwete romuviri. Une ropa raMwari riri mukati mako! Mwari anoti uchakweretesa nyika, kwete kukwereta, uchava pamusoro kwete pasi. Iva nokutenda kana Mwari akataura, ugamuchire chishamiso chako mugore rino!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndini uyo Mwari anoti ndiri. Ndiri muputsi wezvipingamupinyi, mufambisi wenhanho, uye nyanzvi munyika yemweya. Upenyu hwangu huchapupurira simba raMwari nembiri, muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 Madzimambo 9:28

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 33:6–35:21

www.goodnewsdailydevotional.com



MUGOVERA, CHIKUMI 14

ZVIRATIDZO ZVINOBVA KUNE IMWE NYIKA

1 VaKorinte 14:10 (KJV)

Zvirokwazvo panyika pane mitauro mizhinji yakasiyana siyana, asi hakuna kana mumwe usina zvaunoreva.”

Ndataura kakawanda kuti hapana ruzha runongoitika pasina chirevo. Unogona kuimba kana kutamba kumakwikwi, uchinakidzwa nezviridzwa, asi kuvapo kwazvo kunogona kunge kuri kubatanidza mweya yakaipa kuti iwane mukana wekupinda mukati meupenyu hwako. Zvaunonzwa, zvaunotamba nazvo, izvo zvaunoridza, zvese zvine chirevo munyika yemweya, kunyange usingazvize.

Usambofuratira ruzha, mimhanzi, kana chero rudzi rwekurira sokunge zvisina basa; unogona kutoputswa mweya wako nekuda kwaizvozvo. Dzimwe nziyo dzinogona kugadzira nharaunda inosheedza mweya wakaipa. Hakuna izwi rinongouya njee, nyangwe ukasazvize asi chokwadi ndechekuti mazwi iyayo anogona kudana mweya wakaipa kana kudana mweya mutsvene kuzokuzivisa chimwe chikero cheropafadzo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mugore rino ndichangoteerera masaisai e Zioni. Nziyo dzekurumbidza Mwari dzichabuda mumuromo mangu. Handisi kuzova chiteshi chemweya yakaipa nhasi nokusingaperi muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 VaKorinte 14:11

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 35:22–37:26

www.goodnewsdailydevotional.com



SVONDO, CHIKUMI 15

RAMBA UCHIZVITaura

Johani 6:63 (NLT)

“Mweya chete unopa upenyu husingaperi. Kuedza kwenyama hakuna chazvinobatsira. Uye mashoko andakataura kwamuri mweya nehupenyu.”

Mazwi anotaurwa anotakura simba rekukwezva mweya wakaenderana nawo, wozoisa zvinhu pakufamba gadzira. Kana uchitaura kubudirira, mweya wekubudirira unonyatsouya kuzokonzera ropafadzo kuti ronekwe muupenyu hwako. Paunenge uchipinda mubhizinesi kana mamwe mabasa ako emaoko, taura zvinesimba kubudirira kwako uye usafunga kaviri. Taura zvinesimba uye wakatsika parudano rwako kunaMwari, kwete mamiriro akaita zvinhu. Rangarira, kutenda kunouya kuburikidza nekunzwa shoko raMwari.

Usambonyarara, vaKristu vanonyarara vanofa chinyararire. Kunganisa kunouraisa kufunga zvakaipa pamusoro pako wobva wataura mashoko iwawo akaipa. Mazwi ane simba; anoramba achitenderera arimo mumhepo, achimirira kuzadzikisa nenguva yakafanira. Mahoko akaipa anozadzisika zviru nyore kupfuura akanaka, saka rega kutaura mazwi akaipa pamusoro pevana vako, mhuri, kana bhizinesi rako. Taura hutano hwakanaka, pfuma, hupenyu hurefu, uye kuwedzerwa pazvese kumuri mugore rino.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotaura mashoko anokonzera makomborero muupenyu hwangu. Ndiri chibereko chezvandinotaura. Ndiri mukundi, handisi mukundwi. Ndiri mupfumi uye ndiri utano, uye hapana zvinogona kuitwa nemuvengi nezvazvo, muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

2 VaKorinte 3:6

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 37:27–39:13

www.goodnewsdailydevotional.com



MUVHURO, CHIKUMI 16

NYUDZA MUSHOKO

Jeremia 20:9 (KJV)

“Ipapo ndakati, ‘Handichazorevi nezvake, kana kutaura zvakare muzita rake.’ Asi shoko rake rakanga riri mumwoyo mangu semoto wakavharirwa mumbabvu dzangu, ndakaneta nekuzvibata, handikwanise kumira.”

Muporofita Jeremia akafananidza shoko raMwari nemoto waipisa mumabhonzho ake. Kunyangwe aisvorwa nekupikiswa, aramba kuraramira kufadza vanhu asi aitura chokwadi chaMwari zvisina kutya. Shoko rinotaurwa rine simba rekuunza utano hwakanaka kumuviri wako, anoita kuti pfuma itevere bhanga rako, uye anonunza mweya werunyararo mumba mako. Hupenyu mumweya wako!

Kana Shoko raMwari rave mutsinga dzako, haumbokwanisa kurimisa. Hauna mamwe maitiro kusara kwekuritura pamamiriro ezvinhu api zvawo aunga sangana nawo. Verenga Shoko zuva nezuva, rifungisise, uye ita rikuvake. Ita kuti Shoko raMwari rive kudya kwako kwepamanheru usati warara, uye kwemangwanani uchimuka, kusimbisa mweya wako pamwe nekutanga zuva rako zvakanaka. Ukaita izvi, zvokwadi unova nezuva rakanaka mazuva ose egore rino.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hupenyu hwangu huchava hwakazara nezvishamiso, nekuti Shoko raMwari ndicho chikafu changu. Handizoregi mweya wangu uchifa nenzara, asi ndichaupa zvokudya zvineutano nechakanaka chikafu chomweya chinova shoko raMwari, nhasi kusvika narinhi! Ngaarumbidzwe Ishe! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mabasa 4:20

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 40–42

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIPIRI, CHIKUMI 17

RATIDZA CHIMIRO CHEKURWA (COMBAT MODE)

1 Timoti 6:12 (NLT)

“Rwai hondo yakanaka yekutenda. Batisisa upenyu husingaperi hwawakadanirwa, hwawakataura zvakanaka pamberi pevapururi vakawanda.”

Shoko raMwari riri mukati mako rinenge bara raiswa mupfuti. Panguva yaunongoridza pfuti, rinogadzira moto nesimba zvinoparadza urongwa hwose hwemuvengi. Dambudziko razovapo nderekuti, waisa bara mupfuti, asi pakuti uchiridza pfuti yacho urikuzeza nekudududza apa muvengi arikuridza pfuti yake kwauri.

Hapisisina nguva yekutaurirano nadhiabhoru! Mutauro mumwe chete waanonyatsonzwisisa ndewe chisimba. Mugore rino usaramba wakapfava zvachose; zvakwana! Kana uri muuto ari muhondo, haumbozeze kana kumbofunga, uno pfura muvengi asati awana mukana wekuridza yake pfuti. Unotofanirwa kumupfura iye asati akwanisa kupfura zvachose. Usarega kupfura zvachose. Tanga kupfura dhiabhoru izvozvi nepfuti huru yekunamata nendimi, ubve waona wakaipa achiparadzwa nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndicharwa hondo kuitira mhuri yangu, hutano hwangu, vana vangu, newanano yangu, zvinesimba ndakatarisana nemuvengi. Ndiri gamba, kwete gwara. Ndiri murwi, ndakagadzirira kukunda wese anopikisa kubva kuhondo yemuvengi, muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaFiripi 3:12

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 43:1–45:12

www.goodnewsdailydevotional.com



CHITATU, CHIKUMI 18

CHIKRISTU CHAKAKWIDZWA (CHRISTIANITY 2.0)

VaGaratiya 5:22 (KJV)

“Asi chibereko choMweya ndirwo rudo, mufaro, rugare, moyo murefu, mutsa, kunaka, kutenda.”

Chirevo chekuti “moyo murefu” (longsuffering) muchiGiriki chinonzi makrothumia, kureva kutsungirira, kumira wakasimba, kusava unozungunuswa, nekugara wakabata pakutambudzika. Nemoyo murefu werudzi urwu, unezvivindi zvekumira wakasimba uchitarisana nemuvengi. Nesimba nemoto zviri mauri, usarega dambudziko iroro richikukurira. Rega chibereko chemweya chirimauri chipfachukire kunyudza masimba ewakaipa.

Mira wakasimba; chikamu chekupedzisira chegore rino inguva yako yekuoneka zvinobatika; ramba wakadzvanya. Une simba rekuramba wakamira, zvisinei nezvavanokanda kwauri.

Wapinda pachikamu chako chinotevera, uko pane “madhimoni matsva anotevera” anopihwa basa nkubva kuhondo dzewakaipa kukuparadza. Asika hausi munhu asina mature. Mauri mune zvimwezvo zvz Kagadzira Mwari mbune, uye Mweya Mutsvene anogara mauri. Usazvinzwira tsitsi, nekuti kuchema chema kunoda anokutsinhira. Zunza kakunyumwa kese kekukundikana wopenya hako. Wakatakura shoko rechiporofita rekuti iyi ndiyo nguva yako yakatarwa. Muka hako kubva mukuzorora uite zvinhu zvikuru kunaJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakamira paDombo, handingazombonyura. Musoro wangu uchagara wakawira pamusoro pemafashamo. Ndinorarama upenyu hwekukunda muzita raJesu! Ameni.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaRoma 5:1

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 45:13–48:14

www.goodnewsdailydevotional.com



CHINA, CHIKUMI 19

KEREKE INOFAMBIRA MBERI

Mateu 16:18 (KJV)

“Uye ini ndinoti kwauri, uri Petro, uye paruwere urwu ndichavaka Chechi yangu; masuo egehena haazokundi.”

Ishe Jesu vakataura zvakasimba maererano nezvakataurwa naPetro muapostori kuti “Jesu ndiye Mesiya, Mwanakomana waMwari mupenyu” (Mateu 16:18). Akati, “Padombo iri ndichavaka Kereke yangu, uye masuo egehena haazokundi pairi.” Izvi zvinofanira kukusimbisa semuKristu. Kereke haisi madziro mana eimba, asi ndiwe. Iwe uri tembere yaMweya Mutsvene, nzvimbo huru apo Mwari anogara.

Murugwaro urwu shoko rokuti “masuo” rinotaura nezve chitokisi, masimba, zvigaro, uye zvidziviriri zvinogona kuzvimisikidza kuti urege kufambira mberi. Asi zvakataurwa naJesu nguva iyoyo zvichiri kungoshanda nanhasi. Hapana utongo kana masimba kubva kuumambo hwemadhemoni angamisa kufambira mberi kwako. Zvingaita sekunge hapana chirikufamba, asi chimbomirira nekuti gore rino risati rapera, nguva yako yekubuda pachena nezvinobatika inozova pachena kuti munhu wese aone.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hupenyu hwangu hwakaputirwa munaKristu. Ndakatakura uyo akabata zvinhu zvose mumaoko ake. Handingazokundikane. Hupenyu hwangu hwakachengetedzeka munaKristu, uye ndiri mukundi. Hapana suo regehena ringamisa kufambira mberi kwangu, muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mabasa 20:28

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 49:1–51:9

www.goodnewsdailydevotional.com



CHISHANU, CHIKUMI 20

HURONGWA HWA MWARI HWEKUKUNDA HONDO

Vatongi 7:7 (NIV)

“Ishe akati kuna Gidheoni, ‘Nemazana matatu avanhu vakaramba vachiminomino ndichakuponesa, ndokukuisa vaMidhiani muruoko rwako. Vamwe vose vachaenda kumusha.’”

Vakaita zvidzidzo zvebhaibheri vanofungidzira kuti Israeri pasi pehutungamiri hwa Gidhioni, yakanga yakatarisana neuto revavengi raisvika zviuru zana nemakumi maviri evarume, nepo Israeri yakanga iine zviuru makumi matatu nezviviri varume vakasimba. Israeri yakanga ineuhwandu hwaipinda kana muhondo yevavengi. Kunyangwe zvainge zvakadaro, Mwari vakaraira Gidheoni kuderedza uhwandu hwemauto ake kusvika mazana matatu oga. Mukuona kwevpanyama, izvi hazvina musoro, asi nzira dzaMwari hadzizivi musoro; dzinongova kutenda.

Gidheoni akadzikisa uhwandu hwevarwi vake sekuraira kwaMwari kuti pakukunda, Israeri ione kuti ndiye Mwari, kwete kugona kurwa kweuto ravo. Dzimwe nguva, Mwari anobvisa vanhu vakapoteredza kuti panguva yekubuda pachena kwekubudirira kwako, Mwari chete ndiye anopiwa rumbidzo yose. Mugore rino uchapupu hwako hwuchange hwuri hwekupa mbiri yose kuna Mwari omene, vimba naYe!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri muuto muhondo yaShe, uye ndinovimba zvakanyanya nemutungamiri wangu. Handipi muvengi nzvimbo yekundinyengedza. Mwari wangu ndiMwari wehondo, uye anouya kuzondibatsira! Amenii.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 Samueri 14:6

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 51:10–54:7

www.goodnewsdailydevotional.com



MUGOVERA, CHIKUMI 21

ZARA NEMUFARO

Jakobho 1:2 (KJV)

“Hama dzangu, muverenge mafaro kana muchiwiwa mumiedzo yakasiyana-siyana.”

Rugwaro rwaverengwa apo runotiraira kuti titi mufaro chaiwo patinosangana nemiedzo yakasiyana-siyana. Ndinoziva zvinonetsa kunyemwerera apo muridzi wemba achigugudza pamusuwo pamusaka pechikwereti cherendi isina kubhadharwa kwemwedzi mitanhatu kana kuraudzira, kana kuti gore rino risingaratidzike sekutumidzwa kwarakaitwa, zvichiita sekuti gehena ravhurika kubva pazuva rekutanga.

Pamwe wakarasiswa nebase, wanano yako iri kuparara, vana vako varamba kudzoreka, uye mari yako yapera. Rega ndikuvimbise, Izwi raMwari rechiporofita nderemachokwadi uye harizombokanganisike kana kukundikana. Mwari anoziva mamirire ezvinhu zvako. Anoona kumanikidzika kwako asi anoramba achikukurudzira kuti iva nomufaronekuti anoziva magumo kubira zvichiri kutanga. Zvauri kusangana nazvo parizvino ndiyo nhanho yekupinda pachikamu chitsva chekubwinya. Pachikamu chekunopedzisa gore rino uchabwinya zvakananyisa muzita raJesu rinesimba. Amenii!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hupenyu hwangu ihupenyu hwepamusoro. Ndichasimuka pamusoro pemamiriro ezvinhu ose. Nguva yangu yekupemberera yakwana; ndichafara nekupembera munaShe. ngaarumbidzwe Ishe! Amenii.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaRoma 5:3

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 55:1–57:3

www.goodnewsdailydevotional.com



SVONDO, CHIKUMI 22

CHIBEREKO CHECHIZVARO

Mariro 2:19 (KJV)

“Mukai, chemai usiku; mukutanga kwekutarira, teurai moyo wako somvura pamberi palshe. Simudzai maoko enyu kwaari nokuda kwehupenyu hwevana venyu...”

Rugwaro rwanhasi runotiudza ku “durura” moyo wako munamato. Shoko rinowanika muchiHebheru rinonzi shaphak zvichireva “kudurura nehasha,” kufanana naJesus ari mubindu reGetsimani achinamata, achidonha ziya reropa nekuda kwesimba raiva mumunamato wake.

Vana vako vanomirira ramangwana rako netariro yako. Kana muvengi akavatevera, durura hasha dzako mumunamato woudza dhiabhoru kuti haakwanise kubata vana vako.

Nhasi ndinonamatira vana vako. Havazombofa nenzara, havazoperi simba, uye havazogwadamiswa nekukanganiswa nemararamiro akaipa evamwe vezera ravo. Kana uchinamatira vana vako, zviite pakati peusiku kuchiri nerima, nguva dzemausiku. Nyengetera zvine simba. Dhiabhoru achabvisa maoko ake pavari, uye mhuri yako ichaimba nziyo dzekurumbidza mugore rino rinobwinya!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoisa miganhu pavana vangu wekuti wakaipa haazombopfuura. Ndinotaura ruzhowa rwechengetedzo pavanobuda nepavanopinda. Ndichava mubereki ane mufaro pavana vangu nhasi nokusingaperi. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Pisarema 28:2

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 57:4–60:12

www.goodnewsdailydevotional.com



MUVHURO, CHIKUMI 23

DAMBUDZIKO REMHURI

Johani 6:42 (KJV)

“Vakati: ‘Uyu haasi Jesu here, mwanakomana waJosefa, baba naamai vake vatinovaziva? Zvino anoti sei, Ndakaburuka kubva kudenga?’”

Ndinogara ndichikurudzira vanhu kuti vave vatyisi uye vakakurumbira munyika yemweya. Uri munzira kuparadza zvituko zvakabva nekumadzibaba zvaparadza mhuri yako, usashamiswa hama dzako dzichikuseka nekukuzvidza. Hunhu hwedzimhuri kushungurudza mununuri wavo. Kunyangwe Jesu pachake akarambwa nedzinza rake!

Tarira, ndiwo maitiro anowanzoita dzimhuri kukusvora nekuti kuva pedo nezodzo kwakavhara ndangariro dzavo. Hama dzinojairira zvakananyanya saka havagone kuona zvemweya nyore saka nguva zhinji vanopesana nazvo. Une basa rekunamatira mhuri yako nevadikani vako. Namatira kuti vauye pakuziva chokwadi vararamewo muropafadzo raMwari rakaiswa paupenyu hwako mugore rino.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mutakuri wenhau dzakanaka; hapana chinondidzivisa kubva pabasa randakatarirwa naMwari. Chiedza chinobwinya chiri mandiri chichavhenekera nekudzanga rima rose mumhuri mangu kuti mbiri ichipiwa Mwari, muzita raJesu! Ameni.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Ruka 4:22

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 61–64

www.goodnewsdailydevotional.com



CHIPIRI, CHIKUMI 24

RARA ZVISHOMA, NAMATA ZVAKANYANYA

Mateu 13:25 (KJV)

“Asi apo vanhu vakanga varara, muvengi wavo akasvika, akadyara mipfudze pakati pechibage, ndokubva aenda.”

Muvengi watiri kurwisana naye anonyanya kushanda usiku! Dhiabhozi nemauto ake vanoita basa usiku, vachizoono mhinduro masikati apo vaKristu vachiridza ngonono muhope dzakadzika! Hapana anokutya nekuti chinamato chako chidiki kwazvo. MuKristu asinganamati muKristu asina simba. Ndiri pano kumutsa “shumba”! Bhaibheri rinoti tiri madzimambo navapristi, kwete vana mambokadzi! Mupristi wemba anozvisunga oudza hope kuti mira iye achimboparadza dhiyabhorosi usiku aripabasa.

Vaka kutakura nehunhu hwako munzvimbo yekunamata kuitira mhuri nebhezimusi rako zvibudirire. Haungarara usiku hwese iye muvengi achikonzera ukuvare, asi zvino paunozomuka chaunongozoita badzi kutarisa patokuvadzwa. Usapa meso ako hope kusvikira waona mamiriyoni nema bhiriyozi Amari dzoku America mubhanga mako, kusvikira gomarara ranyangarika, uye kusvikira hurombo hwabhururuka kubuda mumhuri mako, isingazodzoke, muzita raJesu! Amen.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndichanyima zvivharo zvemeso angu zororo ndoramba kurara kana rudzi rwangu rwuchindida kuti ndive mutungamiri. Inguva yangu yekuoneka, saka ndichanyengetera munana wangu uvepo paaritari zvisina kukundikana muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mateu 13:39

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 65:1–68:4

www.goodnewsdailydevotional.com



CHITATU, CHIKUMI 25

NDIPE GOMO IRI

Vatongi 5:20 (KJV)

“Kubva kudenga, nyeredzi dzakarwa, dzichibva munzira yadzo dzikarwa naSisera.”

Paiva nenguva Israeri akaenda kuhondo. Varume veumhare vakarongana mukati mehondo, uye hondo yakanga yopfuta panyika. Bhaibheri rinotaura kuti nyeredzi nerwizi Kishoni zvakarwira Israeri. Ndicho chikonzero Dhavhidhi akashushikana zvakanyanya muna 2 Samueri 1:21, ačituka gomo kuti risazowana dova nekuti harina kurwira Israeri panguva iyoyo, zvikakonzera kuti Israeri akundwe.

Vanhu verima vanonzwisisa izvi, asi maKristu havanzwisise kuti unogona kutaura negomo, nerwizi, bhanga rako, kana kadhi rebhanga rako, kana kuivhu rawaisa mbeswa dzako. Inguva yekuti utange kutaura nezvose zvakakukomberedza. Usambonyarara, tanga kutaura nezvose zvakakukomberedza maererano nemhedzisiro yaunoda kuona! Mugore iro rino, mari yako ichadavira kuraira kwako. Tanga kudana mari kuti ionekwe mubhanga mako. Igre rako rekukwezva nhau dzakanaka kwese kwese!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotaura nemamiriro ezvinhu ose anoda kundisundira pasi, makasarudza munhu asiye. Handingamiswa, nyika ichandisundira kumberi, mhopo ichandiwedzera kukasika, ndinosvika nekukasika kudarika zvaungafunga, nokuti zvisikwa zvese zviru kurutivi rwangu! Ngavarumbidzwe Ishe! Ameni.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Joshua 10:12

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 68:5–69:4

www.goodnewsdailydevotional.com



CHINA, CHIKUMI 26

KURONGA KWA MWARI

Pisarema 37:23 (KJV)

“Matanho omurume akanaka anorongwa nalshe, uye anofadzwa nenzira yake.”

Bhaibheri rinotaura kuti danho remunhu wakanaka rinorongwa nalshe. Shoko rokuti “kuronga”, muchiHebheru nrinonzi kuwn, zvichireva “kumisa zvakasimba, kuraira, kusimbisa, kugadzira, kuita chinhu chive chakanaka chisina kana kukanganisika, kugadza, kuchegetwa, kusimudza. Anokuita mupfumi pachiono chawakapiwa zvisina kukundikana.

Kana pasina betsero inofambisa chiono chako, zvakakosha kunzvera zvekare chiono chako kuti ndicho here chako chiratidzo chako. Chiono chinobva kuna Mwari chinoruramiswa naiye Mwari pachake, sezvamborehwa pamusoro apo. Zvimwe zvinoreva kuronga kugadzirisa kana kupfumisa. Saka usaora moyo. Mwari akakupa chiono haakundikane. Anochinja kunoina upenyu. Gadzirira mugore rino sezvo nguva yako yemakorokoto yava kuda kubuda pachena, ngaarumbidzwe Ishe!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndichapinda mukubudirira sezvo ndichitevera chiono chandakapiwa naMwari. Hupenyu hwangu huchava hupenyu hweuchapupu, hapana kuvandirwa nemuvengi, kana kurwiswa newakaipa kuchamisa kuenda mberi kwangu, nekuti ndinotungamirwa nalshe usingazadziswe! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Pisarema 18:19

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 69:5–71:16

www.goodnewsdailydevotional.com



CHISHANU, CHIKUMI 27

MUENZANISO WEKUTENDA KWAKADZAMA

Mako 2:4 (NLT)

“Sezvo vasina kukwanisa kusvika paJesu nekuda kwechaunga, vakaburitsa part yedenga pamberi pake, ndokuburitsa murwere pabutiro rake vachimuhudunura, achienda mberi Jesu.”

Tarisa uone ushingi hwevarume ava! Nzira dzese dzekusvitsa shamwari yavo kuna Jesu dzainge dzakavharika—suwo guru, mukova wekumashure, kunyangwe mafafitera, vakaramba kuramwa. Pakuramwa, vakafunga zvakadzama vakagadzira mukova mutsva, vachibvarura padenga pemba! Rega ndikukurudzire nhasi—munana wako wakatorogwa kare. Munana wako wakatobuda mumaoko aMwari kare!

Nyangwe zvimhingamupini zvikuvarhire mvumo yako kugara muneimwe nyika yaunoda, basa rako, kusimudzirwa pabasa pako, zvichaita pasina kana nguva refu. Kana vachifunga kuti vavhara suo guru, mukova wekumashure kana mafafitera chaiwo, mukova wako pakusimuka muopenyu hwako uchava usina kujairika. Munana wako uchawana imwe nzira wega yekusvika nayo pauri, saka usizvidya moyo kuti zvinoita sei. Mwari varikuita nzira panotaridza kuti hapana nzira. Yako nzira inouya nepasina kujairika kubva nepadenga remba kuti isvike pauri! Amen.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakagadzirirwa kubudirira; hupenyu hwangu hahupere zvakadai. Ndichave muenzaniso nechishamiso chinorarama, chinofema, chinofamba, chinotamba, chinoshedzera kutaridza kubwinya kwaMwari! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Ruka 5:19

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 71:17–73:20

www.goodnewsdailydevotional.com



MUGOVERA, CHIKUMI 28

KUTENDA KUNOONEKA

Ruka 5:20 (KJV)

“Paakaona kutenda kwavo, akati kwaari, ‘Munhu iwe, zvivi zvako zvaregererwa.’”

Kutenda kunoonekwa. Kutenda kwakadzama uye kusina kufunga kaviri kunoonekwa. Kutenda kwako kungaoneka sei? Nekukushanda. Kutenda kusina mabasa kwakafa, saka unofanirwa kushanda zvaunotenda. Kutenda hakupokane neshoko raMwari. Dzimwe nguva unofanirwa kutorwisana neshoko raMwari sezvakaita Jakobo. Akaramba akatsungirira asingafambe, akaremba pashoko kusvika aropafadzwa nekuda kweushingi hwake. Zvisinei nemarwadzo, kuodzwa moyo, uye kudzungaira usiku hwese, Jakobho akaramba akabaturira usiku hwese kusvika zita rake pamwe neramangwana rake rashandurwa.

Mubvunzo nhasi ndewokuti: Mwari anogona kuona kutenda kwako here? Timoti akaenda kunorwa hondo nechiporofita chakataurwa pahupenyu hwake. Mugore rino mazwi echiporofita akaregedzerwa pehupenyu hwako. Urikurwa nawo mashoko iwawo here kuti uone achizadzisika kumhuri yako, bhizimusi rako, kana kereke yako? Rangarira, upfumi hwenyasha hauna musoro, hune kutenda badzi. Gamuchira munana wako nhasi muzita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kutenda kwangu kuchaonekwa; ndinopokananekusatenda kwangu. Ndiri zvandakanzi naMwari ndiri, ndiri mupfumi, ndiri mubatsiri nepfuma weUmambo, uye ndinopa zvechisimba, nguva dzose ndakagadzirira kubatsira nepfuma shoko raMwari, nhasi kusvika nokusingaperi! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Genesisi 22:12

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 73:21–76:7

www.goodnewsdailydevotional.com



SVONDO, CHIKUMI 29

NGUVA YA MWARI YAKOSHESA

1 Makoronike 12:32 (KJV)

“Uye pavana valsakari, vanakomana vaiva nokunzwisisa kwenguva, kuziva zvaitarisirwa kuti Israeri aite; makuru avo aiva mazana maviri, uye hama dzavo dzose dzaiva pasi pechirevo chavo.”

Munguva imwe neimwe, mune mikana yakasiyana-siyana, uye mikana yezvakasiyana inogona kuitika. Zvimwe zvinhu zvinofanirwa kuitwa nenguva yakafanira, ukasadaro haugone kusvika pa mhedzisiro yaunoda. Rugwaro rwezuva ranhasi runoratidza kuti vana valsakari vaivanzwisisa nguva nemwaka, izvo zvakaita kuti madzikoma avo ose ave pasi pavo.

Panguva pane zvinhu zviviri zvakakosha: chronos, nguva yakajairika yatinoshanda nayo kufambisa upenyu hwedu, uye kairos, nguva yaMwari yakatarwa. Panosangana chronos nekairos, mashura ekudenga anoitika ipapo, kushandura ramangwaa rako nekuisa chokwadi chedenga pazviitiko zvako zvepanyika ino. Wapinda munguva yako yakatarwa naMwari uye zvinhu zvave kushanduka muhupenyu hwako izvozvi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakaberekerwa nguva yakadai seino iyi, kubvisa chese chinotaridza hurombo mumhuri mangu. Ndiri mudamburi wezvutuko zvakabva nekumadzibaba edu, muyambuki wemitsetsa, mudamburi wezvidzivisi, uye mugadziri wemararamiro. Ndakazara neurongwa hwaMwari kurwisana nezvinondirwisa nekukunda muzita raJesu rinesimba! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Esta 1:13

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 76:8–78:24

www.goodnewsdailydevotional.com



MUVHURO, CHIKUMI 30

NZIRA DZA MWARI KANA ZVIITO ZVA MWARI

Pisarema 103:7 (KJV)

“Wakazivisa nzira dzake kuna Mozisi, nezviito zvake kuvana valsraeri.”

Vana valsraeri murenje vakanga vajaira zviito zvaMwari. Vakadya mana yavakapiwa sezvekudya naMwari. V-akaona Gungwa dzvuku richipatsanurwa naMwari, mbatya dzavo hadzina kusakara kana kubvaruka, uye shangu dzichikura navo. Zvinzwisise, vaikura nehembe dzavo. Mwari akavapa zvihuta zvaibva nemugungwa iri nyama yekudya, uye mvura yakabva mudombo kupedza nyota. Vakararama mukati meminana, zviratidzo nezvishamiso, zvaitika zuva nezuva pakati pavo. Izvo ndizvo zvaiva zviito zvaMwari.

Asi nzira dzaMwari dzinonechekuita nehukama hwepedyo naMwari. Hukama uhwu hunogadzirwa nekuva nenguva yakawanda munzvimbo yekunamata, uchitaura naMusiki wako, uchimunamata mumweya nemuzvokwadi, uchimupa nguva yekutaurawo kwauri. Kungori kuti uzive Mwari waunoshumira pachake, kwete kungoona minana yake. Hukama uhwu hunokura paunoverenga shoko rake zuva nezuva uchinzwwa inzwi rake. Ita sarudzo yakangwara yekugara nguva yakanyanya naMwari, iye achizviratidza zvaari kwauri zvakanyanya mugore rino.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Shoko raMwari ndiyo chiedza munzira yangu. Handizogumburwi, nokuti anotungamirira matanho angu sezvo ndichiwadzana naye. Ndinotsvaga Mwari mangwanani kuburikidza neShoko rake nekunamata. Gore rino ndichaziva nzira dzake. Hareruya! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Eksodho 33:13

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUMAZUVA 365

Pisarema 78:25–72

www.goodnewsdailydevotional.com

WAKATAMBIRA JESU KRISTU SATENZI NEMUPONESI WEHUPENYU HWAKO HERE?

TINOKUKOKA KUTI UITEJESU KRISTU TENZI
NEMUPONEI WEHUPENYU HWAKO
KUBURIKIDZANEKUNAMATA UCHITI

ISHEWANGU NAMWARI WANGU NDINOUYA
KWAMURI NEZITAJESU KRISTU. NDINOTENDA
NEMWOYO WANGU WESE KUTIJESU KRISTU
MWANAKOMANA WAMWARI VAPENYU. INDINO-
TENDA KUTI VAKANDIFIRA UYEKUTI VAKAMUTSWA
KUBVA KUVAKAFA NAMWARI. NDINOTENDA KUTI
NANHASI VAPENYU. NDINOPUPURA NEMUROMO
WANGU KUTIKUBVIRA NHASI JESU KRISTU NDI-
YEAVE TENZI NEMUPONESI WEHUPENYU HWANGU.
KUBURIKIDZANA YE UYENEZITA RAKE NDAVENEHU-
PENYU HUSINGAPERERE; NDAZVARWA PATSWA.
NDOKUTENDAI I SHE WANGU KUTIMAPONESA
MWEYA WANGU. NDAVE MWANA WAMWARI

MAKOROKOTO!
WAVEMWANA WAMWARI.HARERUYA!

To receive more information on how you can grow
as a Christian, please get in touch with us on

UK: +44 3333 448 612 / USA +1 240 781 6942
RSA +27 51 004 0209

www.uebertangel.org | www.goodnewsworld.com

MAGWARO NDIMA YEKUDZIVIRIRA

ISAYA 54:

14 NDICHASIMBISWA MUKURURAMA NDI-
CHAVA KURE NEKUMANIKIDZWA HANDIN-
GATYI UYE NDIRIKURE NEZVINOTYISA

15 PAKAITA ANONDIRWISA, HANDITOMBO-
FUNGA KUTI VATUMWA NAMWARI, UYE
KANA VAKANDIRWISA NDINOKUNDA

16 MWARI AKASIKA MUPFUURI ANOPFUTID-
ZA MAZIMBE MUMOTO NOKUITA NHUMBI
YEBASA RAKE NDIYE AKASIKA MUPARADZI
KUTI APARADZE

17 HAKUNA NHUMBI YOKURWA INOPFUR-
WA KUZORWA NENI, ANONDIPAOMERA
MHOSVA ACHANZI MUNYEPI. NDIRIMU-
RANDA WAMWARI UYE MWARI VANOITA
KUTI ZVINHU ZVESE ZVINDISHANDIRE
MUNEZVAKANAKA

**NDIZVO ZVINOTAURWA NAMWARI KWANDIRI UYE
HAZVIKONDI NEZITA RAJESU!**

TRANSLATED FROM THE MESSAGE BIBLE IN ENGLISH

Gwaro reGoodNews Daily

Tora Gwaro
Rako Nhasi!



Kutsvaga Shoko raMwari: kuvhura hupfumi hwemweya kuburikidza neGwaro reGoodNews Daily Compendium. Mukutsvaga hupenyu hwakadzama naKristu, ndiko kuzvipira kusina kuzunguzika kuShoko raMwari uye kunogadzira dzinde rakasimba. Gwaro reGoodNews Daily Compendium, Chikamu 1, rinopa chishandiso chisingaenzanisiwi pakufamba uku, chakarongeka zvakanaka kuisa muzvikamu zvine musoro kuti zvive nyore kudzidza uye kunzwisisa.

NaMuporofita Uebert Angel

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM



BHADHARIRA MITAURO

Bhadharira mutauro nhasi kuburikidza nechirongwa chedu chekubatsira. Batanidzwa parwendo urwu runoshamisira nekugovera nhau dzakanaka zuva ne zuva kuitira kuti tibaye mwoyo yemamiriyoni evanhu pasi rose. Tese pamwe chete tinogona kuparadzira meseji yenhau dzakanaka yerudo rwaMwari kuguta rega rega, mumugwagwa uye mumba mumitauro yakawanda pasi rose.

Mwedzi wega wega, shamwari dzedu dzakazvipira dzinopa mahara mabhuku enhau dzakanaka zuva ne zuva kune vanhu vari muzhizha, matirongo, mahosipitari, dzimba dzevakwegura, zvikoro, uye mamwe masangano pasi rose. Takatambira zviyeuchidzo zvekuponeswa, kuporeswa, kupa kwemweya, nezvimwe zvimwe zvakanaka nekuda kwechirongwa ichi. Iva chikamu chekubatsira mune zvirongwa izvi zvinoshamisira nekupa mumwe mukana wekutanga hutsva uye tariro itsva yemangwana.

NEMUPOROFITA UEBERT ANGEL

 @GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

SPONSOR AT: WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

INOWANIKWA MUMITAURO YAKAWANDA

GWARO RAKO REUPOROFITA REZUVA NEZUVA

GoodNews Daily yava kuwanikwa mumhando dzakagadzirirwa vechidiki nevana, pamwe chete nendima yekutanga, ichikupa shoko reuporofita rezuva nezuva rinobva mumoyo weMuporofita Uebert Angel. Mabhuku aya ekunamata akagadzirirwa kuunza Shoko raMwari kuhupenyu hwemhuri yese. Bhuku revana rinopa kutenda, rudo, uye zvivimbiso zvaMwari nenzira inonakidza nekukurudzira, bhuku revechidiki richipa njere dzakadzama dzekuvatungamira muhupenyu nekuchenjera kwemweya nesimbiso. Zuva nezuva, gamuchira nhungamiro yeuporofita inokodzera kufamba kwako naMwari, zvisinei nezera rako! Usarasikirwe nemukana uyu, tora bhuku iri mahara nhasi.



SCAN ME

NAMUPOROFITA UEBERT ANGEL

@GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

CHIRATIDZO CHEPASIRESE, CHINODA BHADHETI REPASIRESE

Iva Mukwikwidzi wenhau dzakanaka

Kuburikidza nekubatana kwenyu kwakanaka uye mari, tinokwanisa kugovera nhau dzakanaka zuva ne zuva kumativi ese enyika uye kutaurira vanhu vasingazivikanwe nezvekufukidzwa kweshuwa kuna Mwari kunodzidziswa naMuporofita Uebert Angel. Tinokwanisa kushandura, kudhinda, uye kugovera Nhau dzakanaka zuva ne zuva kuburikidza neMission Trips, GoodNews On-The-Go Campaign uye chirongwa cheAdopt a Nation/Language kubatsira kuwedzera kuparadzira kwevhangeri. Iva mukwikwidzi uye ane mufaro muchiratidzo ichi chipi uye ubatanidze meseji yaMwari kumarudzi pasi rose kuburikidza neNhau dzakanaka

NeMuporofita Uebert Angel

PARTNER AT: WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

MAUYA KUHUBU YEDU PAMUTSVENEPEJI

NEMUPOROFITA UEBERT ANGEL

SHANYIRAI WEBHUSAITI YEDU

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

 @GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL



Ziva kuruziro yezuva nezuva uye kukura pamweya nekushanyira webhusaiti Nhau Dzakanaka Zuva ne Zuva. Nyura muShoko rechiporofita remazuva ako uye zvimwe zve-mukati zvinokwanisa kushandura hupenyu hwako. Usapotsa mukana wekusimudzira ku-tenda kwako uye kuwana mufaro muShoko raMwari. Shanyira webhusaiti yeNhau Dzakanaka zuva ne zuva nhasi!


For more information visit: www.goodnewsdailydevotional.com

You can also send an email to: gnd@goodnewsdailydevotional.com


Or Call At: **USA: +1 (240) 781-6942 UK: +44 333 344 8612**

ZW: +263 773 195 955 RSA: +27 (51) 004-0209

MAZUVA OSE



Batanidzwa nenharaunda yedu yevaoni vepasi rose vanotanga mazuva avo nenhau dzakanaka zuva ne zuva. Inzwa nhau dzakanaka paSpotify uye kuti ive shamwari yako munzira yekukura mumweya uye chokwadi chebhaibheri pasi pekudzidzisa kwaMuporofita Uebert Angel.



MAZUVA OSE



Tinokuratidza zviyeuchidzo zveupenyu chaihwo pamusoro pekuburikidza kwe Nhau dzakanaka zuva ne zuva pasi rose kuburikidza nepeji redu reYouTube. Sechimwe chinyorwa chemazuva ose, chashandura hupenyu hwevanhu vazhinji, uchiparadzira meseji yerudo, tariro, uye kutenda. Kuburikidza nedzidziso dzine simba dzaMuporofita Uebert Angel, Nhau dzakanaka zuva ne zuva rave chishandiso chesimba rekushandura hupenyu, richishandura vanhu, mhuri, nevana kuti vararame upenyu hune chinangwa nekugutsikana.

NEMUPOROFITA UEBERT ANGEL



SUBSCRIBE NOW

 @GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM



TheGoodNewsWorld Helplines

USA: +1 (240) 781-6942

UK: +44 333 344 8612

ZW: +263 773 195 955

RSA: +27 (51) 004-0209

www.goodnewsworld.com